ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№32 (23.440) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Хэкіыпіэхэр къалъыхъуэ

КЪБР-м и Правительствэм дыгъуасэ щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэ комплексым зегъэужьыным и Іуэхур зытетымрэ абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ лъэпощхьэпохэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр Кузнецов Лев, абы и унафэм щІэт лэжьакІуэ гуп, республикэ унафэщІхэр, «Газпром», «Россети», псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэр къыщыхэзыІуихым Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм фІыщІэ хуиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт и лъэныкъуэкІи зэпымыууэ зыкъызэрыщІигъакъуэм папщІэ икІи кІыхьигъэщащ мыхьэнэшхэ зиІэ Іуэхугъуэм тепсэлъыхьну зэрызэхуэсар.

- Республикэм дежкІэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхущ нобэ къэтІэтар, сыту жыпІэмэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым и лэжьакІэм елъытащ щІыналъэм зэрызижьынур. Къэбэрдзэльэгъуэмэ, зи гугъу тщІы Іуэхум екъэлІауэ иужьрей зэманым тхуэзэфІэгъэкІар мащІэкъым. Апхуэдэу щытми, нобэ дызытепсэлъыхьын хуейр адэкІэ ди лэжьыгъэр нэхъри зэредгъэфІакІуэну, дызыІууэ гугъуехьэр къызэрызэдзнэкІыну Іэмалхэр дубзыхунырщ, - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр Кузнецов Лев къыщыпсалъэм къызигъэщащ зэІущІэр Іуэхущ1апІэ зэхуэмыдзкэр зыхэт гупым я жэрдэмкІэ къызэрызэрагъэпэщар икІи я мурадыр Кавказ Ищхъэрэм и энергетикэ комплексым зэрыхъукІэ зегъэужьыным зэрехьэлІар.

Министрым жиІащ, щытыкІэр зыхуэдэр зэхагъэкІын мурадкІэ, щыналъэм щызекІуэ тарифыр зэраубзыхуар икІи абы газу, электрокъарууэ, псыуэ къыхуауатІыпщым щыщу кІуэдир зэхагъэкІын хуейуэ къаззыпэщытыр.

- Псом хуэмыдэу упщІэ куэд къэуващ республикэм кьакІуэ газым екъэлІауэ. «Газпром»-м депсалъэри, абы дыкъинГъэгугъащ республикэм мазэ къэс газу къыхуауатІыпщыр зыхуэдизыр итхыну. Апхуэдэ Іэмалыр щыщІащ1ъэсэбэп нэгъуэщІ щыналъэхэми, - жиІащ Кузнецов Лев. - Социальнэ Іэнатіэм, промышленностым я Іуэхущ1апІэхэр бжьыкъэ-щІымахуэ лъэхъэнэм газкІэ, жьабжкІэ, электрокъарукІэ тэмэму къызэгъэпэща хъунар, зэрытщІэщи, куэдкІэ елъытащ абыхэм я уасэхэр и чэзум зэратым. 2016 гъэм дыхуеплъэкІыжмэ, Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм а лэжьыгъэр, дауи, зэхуэдэу гъэззэщІа щыхъуакъым, ауэ щІыпІэ бюджетхэм газымкІи электрокъарумкІи проценти 100-м нэблагъэкІэ, ящыныкъуэхэми нэхъыбэкІэ, ягъэсам пэкІуэ ахъшэр кьыхэхыныр яхуэзэфІэкІауэ жыпІэ хъунущ. Апхуэдэуи кьыхэзгъэщынут Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм электрокъарууэ ягъэсыни я уасэр хъарзынэу кьызэрыхэкІыр, ауэ газым щІат ахъшэмкІэ щІыналъэр пашэхэм зэкІэ зэрапэщІэмыхьэр. Нобэ дыщІызэкуэсар щытыкІэм зихуэжьныжьмкІэ лъэпощхьэпо кьытхуэхъуэр зэхэдгъэкІыну тхуэзэфІэкІынум зэгъуэсу дегупсысыну аращ. Зэгъэпщэн хуейщ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм щыІэ щытыкІэр зыхуэдэр икІи хэт сыт хуэдэ хэкІыпІэ кьыгъуэтами Іэмал имыІэу абыхэмкІэ зэгъэхъуэжэн хуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэм и Іуэхур ми зэманым зэрыщытым зэІущІэм щытепсэлъыхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий.

КІуэкІуэ Юрий дыщІигъащ КЪБР-м и энергетикэ комплексыр сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми пэщІэтыфын зэрыхуейр, щыцхуэзм я тыншыгъэр къызэгъэпщынымы пыщІа къаленхэр щызэфІагъэкІкІэ, абыхэм я Іуэху еплъыкІэхэри кьызэрыльытапхъэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

Я лэжьыгъэмкІэ арэзыщ, ауэ нэхъыбэжкІи ящогугъ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ яхуэзащ «ЦІыхубэ фронт. «Урысейм папщІэ» (ОНФ) жылагъуэ зэщІэхьееныгъэм и щІыналъэ къудамэм хэтхэм. Зэ1ущІэр теухуауэ щытащ зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ къыхалъхьа «Доступная среда» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуаэхэр гъэззэщІэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэхэм щыІэ «МафІэ мыуэжьыхь» фэеплъэр къэпщытэным ехьэлІауэ ЦІыхубэ фронтым зэфІигъэкІым, апхуэдэуи 2017 гъэм ар зэлэжьыну я мурадым.

КЪБР-м и Іэтащхьэм къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ ЦІыхубэ фронт зэщІэхьееныгъэр зэлэжьыр зэрымымащІэр, псом хуэмыдэу УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэкэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным екъэлІауэ абы хэтхэм яхуэзэфІэкІым папщІэ фІыщІэ зэрахуищІыр.

- Мыхьэнэшхуэ иІэщ пщІы-жылагъуэ Іуэхуэхэмрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ щІыналъэм зэрыщІекІуэкІым. Абы Урысейпсо ЦІыхубэ фронт жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм хуищІ хэлъхьэныгъэм арэзы утехуэу хъунущ, - жиІащ **КІуэкІуэ Юрий**. - Мы гъэм зэщІэхьееныгъэм гулъытэ нэхъ зыхуищІыпхъэу къэслъытэр социальнэ Іуэхуэхрщ. Экономикэм епха гугъуехьэр щыІэ пэтми, къэралым цІыхухэм я псэукІэр нэхъ тынш ящищІыным (мэкъумэщышъ, зэшышагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, нэгъуэщІхэми) мыльку хьагъэзынэ хухех. Ар тэмэму къызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъын хуейщ. ЗэрытщІэщи, ди къалащхьэм зедгъэужьыныем тедгъэкІуэдэну сом мелуани 170-м щІигъу къэралым мы гъэм кьыдет. Дэтхэнэ сомри егупсысауэ къэдмыгъэсэбэпу хъунукъым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІащ нэгъуэщІ лэжьыгъэхэми яхудиІэн хуейр. ЦІыхухэм Іупщ1у ильагъун хуейщ. Къэралым кьыдит ахъшэр зытедгъэкІуэдэнымрэ мыльку къызэрыдгъэсэбэп щыкІэмрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ республикэ унафэщІхэр дыфщоГугъ зэгухьэныгъэм хэтхэм, - кьыхигъэщащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур зэрагъэлъэпІэнур, а Іуэхум иращІэкІыну махуэшхуэхэр жыжьару зэзыгъэзакІуэкІыпхъэр.

Мы гъэм ЩІыуэпсым и илъэсу зэрыщытым кьыщытеувыІэм, КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ абы и лъэныкъуэкІи ЦІыхубэ фронтым куэдкІэ зэращыгугъыр. «Къуажэхэмрэ кьалэхэмрэ я узрамкъм я кьабзагъэм фыкІэпылъ къудей мыхьуу, ди щІыуэпс дахэр, ди мэзхэр, псэущхьэхэр хъума зэрыхъум фи нэІэ ятевгъэт. СызэреплъымкІэ, мы Іуэхуэм ятеухуауэ фэ куэд фхуэзэфІэкІынущ», - дыщІигъуащ Іэтащхьэм.

Ар тепсэлъыхьащ Щэнхабзэмкіэ унэу 10 Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщащхуэну ахъшэ къэралым къызэрыдитынум, ари зэгъэззхуауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейм. «Кьыхэзгъэщыну сыхуейт а ахъшэм щыщ зылъысынур апхуэдэ Іуэхущ1апІэ нэхъ хуэныкъуэ кьуажэхэр зэрыарар. ЦІыхубэ фронтым хэтхэм гулъытэ хувэзгъэщынут ахэр щыдухуэну щыІпІэкэр къызэрыхьэхьэмпхъэм. Кьуажэм дэс цІыху бжьыгъэм и закъуэ тедмыщІыхьу, зэхэгъэкІыпхъэщ сыт хуэдиз щІалэгъуалэ абы щыпсэуми, сытым ахэр дихьэхми, экстремизм и лъэныкъуэкІэ сыт абы щекІуэкІми, нэгъуэщІхэри», - жиІащ КІуэкІуэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэм жиІащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ цІыхухэм ящыщу Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэщым и бжьыгъэм зэкІэ арэзы къызэримыщІыр. «СызэрыщІигъаэзмкІэ, 2015 гъэм Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэщащ цІыхуи 150-рэ, кьыкІэлъыкІуэ илъэсым - 200. Гу лъыботэ хуэмурэ лэжьыгъэр ипкІэ зэрыкІуатэм, ауэ я бжьыгъэри мащІэщ. Псом нэхърэ нэхъ гугъу ехьыр а цІыхухэращ, дэращ ахэр зыщІигугъри, дахуэсакъын хуейщ. Дауи, жыІэпхъэщ иужьрей илъэхэм абы и лъэныкъуэкІэ куэд зэрытхузэфІэкІар, УФ-м и Президентым ми Іуэхум и нэІэ зэрытригъэтыр», - кьыхигъэщащ Іэтащхьэм. КІуэкІуэ Юрий «Доступная среда» къэрал программэр зэрагъэзащІэм жуэуплныгъэ яхэлъ кІэлъыплъныныр пщэрыльэ ящищІащ КЪБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэмрэ ЦІыхубэ фронтымрэ.

КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** кьыхигъэщащ зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ «социальнэ такси» къызэрызэрагъэпэщар. Нэгъабэ апхуэдэ машинэу зы къащхуащ, щІэупщІэ иІэщ, мы гъэми иджыри зы зэрагъэпэщыну я мурадщ. КІуэкІуэ Юрий жиІащ ар зэрыІуэхуфІыр, икІи къызэрагъэсэбэпынум тещыхьауэ апхуэдэ машинэ зырыз нэхъ мыхъуми район къэс иІэныр зэрыфІэкъабылыр кьыхигъэщащ.

Урысейпсо ЦІыхубэ фронтым КЪБР-м щиІэ къудамэм 2017 гъэм игъэззэщІэну лэжьыгъэ нэхъыщІэхэм я гугъу ищІащ зэгухьэныгъэм и гъэззщІакІуэ комитетым и унафэщІ **Бакаев Евгений**.

Абы кьыхигъэщащ «Къалэхэр зэІуэпэщ щІын» къэрал программэр зэрагъэзащІэм, республикэм и Іуэхущ1апІэхэм зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм щыхьэф-щІэмыхьэфым теухуауэ къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкІыныр. Апхуэдэуи ОНФ-м и къыхилъха «Генеральная уборка» Іуэхум хьыбэу, абыхэм цІыхухэм Іэмал иратынущ кІэрыкубжьэрыкуэр хабзэм къемызэгъыу щракІут щІыпІэхэр кьыщахутэкІэ ахэр кьыщагъэльэгъуэну картэ яІэну. ОНФ-м и лэжьакІуэхэм итыр къызэрапщытэжьнымрэ ущызекІуэжькІэ шынагъуэ гъуэгуэхэр утыку Іуэху зэращІынумрэ.

Іэтащхьэм зэІущІэм хэтахэм фІыщІэ яхуищащ, абы къыхигъэщащ дяпэкІи зэдэлажьэну зэращыгугъыр.

- ЦІыкуэр зэрызэмыщхьым ещхьщ жэуаплныгъэ зэрызыхьащІэмкІэ зэрызэщхьэщыкІри, ауэ фэ яхудэфхъ хъунукъым зи кьалэныр зымыгъэзащІэ къэралыкуэ щІэхэм, щІыхьэм я псэукІэр зэІуэзэщІ хъуныр куэдкІэ зэлъытахэм, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НОБЭ

♦ЩІэпхъаджагъэ зыкІэлъызэрахьа цІыхуэхм защІэгъэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Мысырым и Зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦Индием Анэм и махуэр щагъэльапІэ.

♦1714 гъэм Санкт-Петербург къыщызэрагъэпэщащ Аптекарскэ хадэр. Иджыпсту ар РАН-м и Ботаническэ хадэрщ.

♦1819 гъэм Флоридэр Испаниием къыхэкІри, США-м и штат хъуащ - ар Америкэм доллар мелуанитхкІэ ираща1т.

♦1921 гъэм СССР-м и Къэрал планыр къызэрагъэпэщащ.

♦1935 гъэм унафэ кьащтащ США-м и президентым и хэщІапІэ Унэ хужьым кхъухьлъатэхэр щхьэпрылъэтыкІыну зэрыхуимытым теухуауэ.

♦1993 гъэм УФ-м и Президентым егъэщІылІа Президент сoccет къызэрагъэпэщащ.

♦2014 гъэм Украинэм и Радэ Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ а къэралым и еплІанэ зэрыщІэкІ. Ренат Ахмедов и Виктор конституцкІэ и пщэ кьыдэхуэу и кьалэнхэр зыщІэкъыщхьжауэ кьызэрытэным теухуауэ.

♦Дзэ къуэлыкъуэщІэ, США-м и ялпэ президенту щыта **Вашингтон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 285-рэ ирокъу.

♦Польшэм щыщ композитор, пианист щІэрыІуэ **Шопен Фредерик** къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий)** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Чехословакием щыщ журналист, фашизмэм и бий ерууэ щыта, Берлин дэт тутнакъыШым 1943 гъэм щаукІа, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтыщ зыхуагъэфэща **Фучик Юлиус** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу. Ар щаукІа махуэр - фокІадэм и 8-р - Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэу ягъэуващ.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Урысейм и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІа, Урысейм и ЛІыхъужь **Казанцев Виктор** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щауэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и энергетик, КЪБР и къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Кебеков Владимир** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и Парламентым и депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щоджэн Мартин** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и сенатор, КЪБР-м и Президенту щыта, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩДДА-м и академик **Къанокъуэ Арсен** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакІуэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Іуэхум **Хьэсанэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Ингушым я цІыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБКъМУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, доцент **Апажэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ щІэрыІуэ, уэрэджьыІакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Будинэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэ, мазэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къыдыхьэр думыхуж, дэкІыжыр умыубыд.

Ди къуэш республикэхэм

Сом мелуани 5,5-рэ и уасэ Іэмэпсымэщ1э

АДЫГЕЙ. ***Ипщэ щыналъэм щыщу Адыгейрщ ялпэу хьыкъар дэІэпыкъуэгъу псынщІэ Іэнатіэм электрокардиограф Іэмэпсымэщ1эхэр къыщыгъэсэбэпыным теухуа Урысей проектым. Сымаджэщым къашэ щІыхум и кардиограммэр хьэзыру кьагъэс а Іэмэпсымэм и фІыгъэкІэ.***

ЭЛЕКТРОКАРДИОГРАФ 56-рэ къыІэрыхьащ Медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэ Іэнатіэм. «Узыншагъэр хъумэным зегъэужьын» программэм ипкъ иткІэ къащхэуа Іэмэпсымэщ1эхэм республикэм и бюджетым щыщу сом мелуани 5,5-рэ трагъэкІуэдащ.

Адыгейм Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къызэритымкІэ, а Іэмэпсымэр дохутырым и дэІэпыкъуэгъу гъуэзэджэщ. Сымаджэм и гум илажьэр щІ и лъэныкъуэкІи зэпкърыхауэ къахутэри, ар абы и тхылъым дыщІагъу, хъыбарыр а цІыхур зэгъэбыдыІа медицинэ Іуэхущ1апІэмэ яІэрокъэ. Іэмэпынщэ хъумэ, сымаджэ хъэльэр зэнщІэу операцэм хуэхъэзыру сымаджэщым яшэ. Аращи, абы и фІыгъэкІэ цІыху гъащІэу кьрагъэлыр нэхъыбэ хъунущ.

ЗэлуцІэ гуапэ

АБХЪАЗ. ***Мазаем и 16-м Новгород Ищхъэрэм и администрацэм и лІыкІуэхэр елъэгъащ Абхъазым и Посольствэу Урысейм щыІэм икІи 2017 гъэм Сыхум зэрыдэлэжьэнум теухуа зэгурыуІэныгъэм Іэ щыщІадзащ.***

ІУЭХУ гуапэм хэтащ къэрал зэмылІэужьыгъэхэм я посольствэхэм я лІыкІуэхэр. Абы щытепсэлъыхьащ Горьковскэ автомобиль заводым и иужьрей лэжьыгъэщІэхэм, ЧМ-2018-м зэрызыкуэгъэхьэзырым, кьалэм и университетхэм я екъуІэныгъэхэм. Мурад нэхъыщІэр Новгород Ищхъэрэм кьалэ-къуэш хуэхъуэхэм я бжьыгъэм кьыхэгъэхъэныщ.

Зи нэм имылъагъуэм папщІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и щІэныгъэлІэхэм къыдагъэкІащ зи нэм имылъагъуэм папщІэ абаазбзэм и хьэрфылъэ.***

БРАЙЛЬ и системэм тету ар зэхигъэуващ «Краткая история народа Абаза» щІэныгъэ статьямрэ «Абаазкэ» тхылъымрэ зи Іэдакъэщ1кІ къэхутакІуэ, этнограф Чачэ Эдуард. Абы дзэ къулыкъур ирихьэкІыу кьэхъуэ насыпышагъэм и зэранкІэ и нэм имылъагъу хуащ икІи нобэр кьызэдэсым ныкъуэдыкъуащ. Абы Брайль и шрифтым зыхигъэгъуэзат, арщхьэкІэ Іэмал иІэжтэкъым фІыуэ ильагъу абаазэ тхакІуэхэм я ІэдакъэщхьэкІэм еджану. Арати, кьэхутакІуэм мурад ищІащ абаазэ тхыбзэр Брайль и системэм хуигъэкІуэну, абыкІэ дэІэпыкъуэгъу кьыхуэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым нэфхэм папщІэ щыІэ библиотекэм и лэжьакІуэхэр.

Кьыхэдгъэщынщи, нэфхэм я библиотекэм и лэжьакІуэхэм я мурадщ КъШР-м и лъэпкъыбзэ псори Брайль и системэм хуагъэкІуэну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Аргуэру хахыж

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и отчет-хэхьыныгъэ конференцыр 2017 гъэм мазаем и 17-м екІуэкІащ. Делегатхэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Кебеков Владимир и отчётым едэІуащ. Конференцым щІэуэ щыхахащ партым и щІыналъэ къудамэм и советым хэтыныхэр. Партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІу псори зэдзэрзэІуэ Кебеков Владимир къагъэнэжащ.

КЕБЕКОВ Владимир Лэскэн районым щыщ Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. Кавказ Ищхъэрэ къуршметаллургие институтым ухуэныгъэмкІэ и факультетыр, Ростов дэту парт школ нэхъыщхьэр кьиухащ. Геолого-минералогие щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Абы «Къэббалъкъсельстрой» трестым гъущІ-бетон пкъыгъуэхэр щагъэж и заводым бетонщикыу лэжьэн щыщІидзащ. Совет армэм кьулыкъу щыщищІа лъэхъэнэм «Байконур» космическэ комплексым хиубыдэ ухуэныгъэхэм мастеру, прорабу щылэжьащ. Дзэм кьикІыжа нэужь псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щІыГащ. 1977 - 1982 гъэхэм Налшык къалэм псэупІэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ. 1982 гъэм щегъэжьауэ КПСС-м и обкомым ухуэныгъэмкІэ и къудамэм и инструктору лэжьащ, 1985 гъэм Министрэхэм я Советым хагъэхьащ икІи республикэм Гъэсныпхъэ промышленностымкІэ и управленэм и унафэщІу ягъэуващ. А управленэр «Къэббалъкънефтетоппром» акционер зэгухьэныгъэ ящІа нэужь абы и унафэщІу 2007 гъэм нэсыху щытащ.

Кебеков Владимир «УФ-м щІыхь зиІэ и энергетик», «Урысейм щІыхь зиІэ и ухуэкІуэ» цІэхэр кьыфІащащ, «Байконур и пащхьэ щІІэ фІыщІэм папщІэ» медалыр, нэгъуэщІ дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Ар депутатхэм я Налшык къалэ советым и депутату, КЪБР-м и Парламентым и 3-нэ, 4-нэ, 5-нэ хэхыгъуэхэм я депутату щытащ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и депутатхэм я Палатэм и советым хэтщ.

ТОКЪУ Руслан.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2017 гъэм мазаем и 28-м екІуэкІынущ.

ЗэІущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нэхъ къызэрыгуэкІыу зэщхьэщах

● Банк Іуэхуэр

Ипотекэм щхьэщытыкІыпхъэхэр ику иту процент пункт 1,1-кІэ Хъуманіэ банкым егъэмащІэ. ЯмыгъэІэнхъуэ мылъку къэзыщэхуэхэм къащтэ щІыхуэм псэупІэм процентэ 10,75-12,25-рэ техьэу араш. ХъишынэмыщІауэ, псэупІэ кредитым хуэзэр нэхъ къызэрыгуэкІыу зэщхьэщах. ПэщІэдзэ взносымрэ къызэрыІах пІалъэмрэ емылъытауэ, дэпэкІэ зытращІыхьынур щІыхуэр зыхуэдэмрэ къэзыщтэм хуэзэфІэкІымрэщ.

УНЭЩІЭ къыщащэхукІэ электрон Іэмалкіэ зезыгъэтхэхэм ХъумапІэ банкым иджы ящэу процент пункт 0,5 яхуКІэригъэхунущ. Нэхъапэми хуэдэу, унэгъащІэхэм дяпэкІи апхуэдиз ящхьэщихьнущ.

- ПсэупІэ Іуэхум нобэ и мыхьэнэр къыльытэу, ипотекэм щхьэщытыкІыпхъэхэр ХъумапІэ банкым хэпщІыкІыу егъэмащІэ. Абы къыдэкІуэу, ипотекэ кредитхэр электрон Іэмалкіэ зэрат щІыкІэм зегъэужьыным гулъытэ хэха худощ1 - щІыхуэ хуейм нэхъ тыншу зригъэтхым и мызакъуэу, абы и фейдэ хэльщ, - къыхигъэщащ ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Урысбий Хьэмидбий.

Я гъащІэмрэ я узыншагъэмрэ арэзыуэ страховань зэращІ щІыкІэри щхьэщытыкІыпхъэхэм щыгъэбелджылащ. Яухуэ псэупІэ къэзыщэхунухэм папщІэ, пэщІэдзэ взносыр нэхъ мащІэ дыдэу зэрыхъур процент 15-щ.

Ипотекэ щІыхуэр къызэращтэ щІыкІэм еэы банкым, апхуэдэу зэпэІэщІэу Урысей реестрым тхылъхэр зэрыратэ Іэмалым ХъумапІэ банкым и официальнэ сайтым и «ПсэупІэ кредит» къызэрыІутэ. Ар щІыкІэм нэхъ зэпкърыхауэ фыхагъэгъуэзэнущ.

ХъумапІэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Ди псэлъэгъуэр

Мэздэгу адыгэхэм я деж дыкIуэну зыдогъэхьэзыр

Щоджэнцыкlу Алий и цlэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр къызэрызэlуахрэ мы гъэм илъэс 80 ирокъу. Ар щигъэлъапlэ лъэхъэнэм сыткlэ игъэфlэну абы театрелъхэр? А упщlэмкlэ дэ зыхуэдгъэзащ театрым и художественнэ унафэщl, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Абхъазым гъуэзджэхэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ Фырэ Руслан.

- МАЗАЕМ и 18-м дгъэлъэгъуащ «Пащтыхьымрэ Пащтыхь гуащэмрэ» спектаклыр. Куэд мыщlэу утыкум кьитхьэнущ пьеси 4. Ди дежкlэ ар нэхъапэм зэи къэмыхьуа Іуэхугъуэщ. Дэбагъуэ Роман игъэувынущ Миллер Артур и «Все мои сыновья» драмэр, Теуэвжьыкъуэ Владимир йолэжь Цей Ибрэхьим и «Кlуэ кlыхь» пьесэм, режиссёр щlалэ Емкlуж Анзор иужь итщ Іутlыж Борис и «Хьэпэщыпхэ» макъамэ комедием. Абыхэм нэмыщlкlэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркlэ» пьесэр утыкум кьитхьэжьну мурад тщlащ. Ар 80 гъэхэм сэ згъэвауэ щытащ. Спектаклым и роль нэхъыщхьэхэр игъэзэщlат Тlыхьужь Алийрэ Дыщэкl Кlунэрэ. А артист щlэрыlуэхэр кьиузэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирокъу инкlи театрым и мыгъэрей юбилейр абыхэм я фэеплъу щытынущ. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркlэ» пьесэр лирикэ комедиещ. Спектаклым щыжаlэнущ совет лъэхъэнэм яуса уэрэд куэд. И жанркlэ абы фигу кьигъэкlыжьнущ «Старые песни о главном» макъамэ фильмыр. Согугъэ нобэрей театрелъхэм а спектаклыр ягу ирихьыну.

- Сэ пэжу къызгурыlуамэ, а спектаклэмкlэ театрым и юбилей лъэхъэнэр зэфlэкlынукъым?

- Пэж дыдэщ. Си лъэлукlэ пьеситl езгъэтхащ. Ди театрым и актрисэ тельыджэу щыта Сибэч Быхуэ теухуауэ Аброкъуэ Беллэ пьесэ тхуигъэхьэзыращ. Етlанэгъэ Быхуэ и ныбжьыр илъэси 100 ирикъунущ инкlи дэ а Іуэхуэр гулъытэншэу кьыхуэгъэнэнутэкьым. Къишьнэмыщlауэ, Битиров Эдуард и пьесэр иридгъэувыну УФ-м и Президентым и грантым щхьэкlэ театрым заявкэ итащ. «История Жизель» тхыгъэр теухуащ адыгэм кьыхэкlа франджы балеринэ Черинэ Людмилэ. Сэ фlыщlэ яхузощ а бзылъхугъэм теухуа документальнэ фильмхэр тезыхахэм, ауэ, си гугъэмкlэ, а Іуэхуэр абдежым щызэхуэтщlыжьну пасэщ. А цlыхубз тельыджэм теухуа драмэ тхыгъэр ди театрым и репертуарыр нэхъ кьулей зыщlынухэм ящыщщ.

- Театрым и лэжьакlуэхэм ятеухуауэ сыт кьыджеlэн? Сыт хуэдэ абыхэм я зэфlэкlыр?

- Ди гупыр сыт и лъэныкъэкlи зэпэщщ. Театрым щыlэщ сыт хуэдэ ныбжьыи ит актёрхэр инкlи дэтхэнэми нобэ лэжьыгъэ пыухыкlа иlэщ. Ахэр щыджэгуфынущ классикэ тхыгъэ нэхъ гугъу дыдэми. Апхуэдэ щапхъэхэр театрым иlащ. Абы и лъэныкъуэкlэ къэзгъэлъэгъуэфынущ 1957 гъэм ягъэувауэ щыта «Ревизор» пьесэр. Городничэм и ролыр а спектаклым щигъэзэщlат щытащ Сонэ Мухьэрбий. Ар Москва щыщагъэлъэгъуам, «Правда» газетым къытехуат: «Апхуэдэ Городничий Урысейм и утыкум иджыри илъэгъуакъым!»

Иджыпсту театрым зэрызиужьын кьару иlэщ, ауэ мыбдежьым и гугъу сщlыну сыхуейт языныкъуэ театрелъхэм я гъэсэныгъэм фlыуэ гулъытэ хуэщlын зэрыхуейм. Псалъэм папщlэ, Бунин Иван и тхыгъэм кьытращlыкlа «Грамматика любви» спектаклыр йокlуэкl. Утыкум артист ныбжьыщlэхэр итщ. Пэшым щlэсщ абыхэм я ныбжь ит щlалэгъуалэр, ауэ лъагъуныгъэм и гугъу ящlын зэрыщlадзэу, абыхэм я щытыкlэм зэуэ зехъуэж. Кьащтэмэ, апхуэдэу щытыр щlалэгъуалэм я закъуэкъым. Уи нэгу кьыщlэгъэхьат мыпхуэдэ теплъэгъуэр. Зи ныбжь хэкlуэта цlыхубзым утыкум щекlуэкlым теухуа и Іуэху епльыкlэр ину кьеIуатэри щысщ. Зэуэ абы и телефоныр кьоуэри, ар кьхуэхъмыгъуэту зыкъомрэ кьелъыхъуэж. Цlыхухэр зэрымыагъэрэзыр кьагъэлъэгъуэн щlадзэри,пэшымIэуэлъауэшхуэ щlэт мэхъу. Зы зэман телефоныр кьегъуэтыжри, кьэпсэльам ину жреIэ этыжьмрэ, кьэпсэльам ину зэрымыпсэлъэфынур. Апхуэдэхэм Шекспир и Іэдакъэщlэкlэр ебгъэльагъуэкlэ кьагурыIуэнукъым. Нобэрей ди театрелъхэр гуп зыбжанэу бгуэш театрым и репертуарыр еубзыху. Абы щыгъуэми езым и лэжьыгъэр Щэнхабзэмкlэ министерствэм кьипщытэн хуейщ. Дэтхэнэ театрми кьалэн щхьэхуэ иlэщ. Ар гуэздджэм и уардзэунэщ икlи Іэмалышхьэкъым абы и мыхьэнэр зэштегъэупlэм нумыгъэсыну.

- Фи театрым сыт и къалэныр?

- Шэч хэмылъу, псом япэрауэ, бзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэнырц, ауэ сэ абыкlэ сыкъызэтеувыIэну сыхуейтэкъым. Лъэпкъ лъапlэныгъэхэм ятеухуа псалъэмакъыр ди нэхъыжьыдфlхэм я зэфlэкlыу щытам и деж къыщыбгъэувыIэ хъунукъым. Ди блэкlам дригушхуэн хуейщ, ауэ дызэрылэжьапхъэр нобэрей театрелъыр и пщэдейрей махуэм едгъэгупсысфын хуэдэущ, ди сабийхэм, абыхэм я щlэблэм гуапэу ягу дыкъагъэкlыжу. Гъащlэр и пlэм иуджыхькъым икlи дэ ди къалэнщ щlэныгъэкlэ, щэнхабзэкlэ, гупсысэкlэ куукlэ, хамэ гуауэр зэрызыхэтщlэкlэ зэхуэдэ хуитыныгъэ диIэу жылагъуэм дыхэувэну.

- Зэман гъунэгъуэ тетрым сыт хуэдэ зэхъуэкlыныгъэхэр щыIэну?

- Щlэщыгъуагъ гуэр кьытхэзылъхьэсфыну нэгъэщlэ режиссёрхэр кьедгъэблагъэу дадэлэжьэну ди мурадщ. Сэ сащыщкъым щышынэхэм икlи гупыр нэгъэщlэ режиссёрхэми ядалэжьын хуейуэ я кьызолъытэ.

- Фи спектаклхэр нэгъэщlэ щыIэпхэм щыгъэлъэгъуэн мурадхэр фиIэкъэ?

- Урысейм и тхыдэм хуэгъэпса театр фестивалы гьатхэм Сергиев Посад къалэм щекlуэкlынущ. Абы «Пащтыхьымрэ Пащтыхь гуащэмрэ» спектаклыр зытыкъ щыщитхьэнущ. Кьищынэмыщlауэ, хабзэ хъуауэ дыдэзкlэ щыIэпхэм - Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхъазым - зыкъыщыдгъэлъэгъэнущ. Куэд щlауэ дахьхьакъым мэздэгу адыгэхэм зимыIэ Іэхущ. Кьыщыхъу щыIэщ къуэжьэхэм тша спектаклэхэм сабий щынэхэр кьыщахь. Сэ кьызгуроIуэ ахэр кьызэхуэбгъэнэн щымыIэнкlэ зэрыхъунур, ауэ адрей щlыхуэхэми егупсысын хуейщ.

- Абы и лъэныкъуэкlэ совет зэманым щыIа щlыхуэхэр нэгъуэщlт?

- Нтlэ.

- Уэ уэзрелпъымкlэ, сытыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Псом япэу ар зэпхар цензурэ зэрыщымыIэжырщ. Ар Іупх щыхъунур театрелпъхэм фlымрэ емрэ зэхагъэкlыф хъуа нэужьщ.

- Сыт хуэдэ цензурэ театрыр зыхуэныкъуэр?

- Дэтхэнэ театрми пашэ иlэн хуейщ. Абы и кьалэныр актёрым и зэфlэкlыр сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи кьызэкъуихыным и закъуэкъым, атlэ утыкум щекlуэкl псомкlи жэуап ехь икlи хъунущ. Языныкъуэхэм роль нэхъыщхьэр зыгъэзащlэ бзылъхугъэр «хабзэм» зэрытемытымкlэ ягъэкъуаншэу топсэльыхь. Адрейхэм утыкум щекlуэкlыр кьафlэмыIуэхуу я телефонхэм «исц» е кьабгъэдэхэзэн ящlэсальэ. Ещанэ гупым кьыхэхэм а зи гугъу тщlахэр нэхъ щэху защlыну кьыхуарджэ.

- АтIэ, уэ уэзрелпъымкlэ, сыт абы и хэкlыпIэр?

- Иджыблагъэ дэ дызэгурыIуащ спектаклыр щlэддзэн и пэ кьихуэу, абы епльыну кьэкlуахэм псалъэмакъ щхьэхуэ ядедгъэкlуэкlыну. Ахэр Іуэхум хуэгъэхьэзырыпхъэщ, ди мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ ягурыгъэIуапхъэщ. Театр утыкум щекlуэкlыр пэжу зэхищlыкlыу егъэсэн хуейщ спектаклым епльыну кьакlуэр. Дэ дыхуейкъым ди лэжьыгъэхэр зэфэзэщ хъуну. Кьалэн нэхъыщхьэр спектакль дгъэпльагъэм хуэфэщэн театрелпъхэр диIэныщ. Драмэр сабийхэм, таурыхъ лъабжьэ зиIэ спектаклыр балигъэм ебгъэльагъуныр мыхьэнэ зимыIэ Іэхущ. Кьыщыхъу щыIэщ къуэжьэхэм тша спектаклэхэм сабий щынэхэр кьыщахь. Сэ кьызгуроIуэ ахэр кьызэхуэбгъэнэн щымыIэнкlэ зэрыхъунур, ауэ адрей щlыхуэхэми егупсысын хуейщ.

- Абы и лъэныкъуэкlэ совет зэманым щыIа щlыхуэхэр нэгъуэщlт?

- Нтlэ.

- Уэ уэзрелпъымкlэ, сытыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Псом япэу ар зэпхар цензурэ зэрыщымыIэжырщ. Ар Іупх щыхъунур театрелпъхэм фlымрэ емрэ зэхагъэкlыф хъуа нэужьщ.

- Сыт хуэдэ цензурэ театрыр зыхуэныкъуэр?

- Дэтхэнэ театрми пашэ иlэн хуейщ. Абы и кьалэныр актёрым и зэфlэкlыр сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи кьызэкъуихыным и закъуэкъым, атlэ утыкум щекlуэкl псомкlи жэуап ехь икlи хъунущ. Языныкъуэхэм роль нэхъыщхьэр зыгъэзащlэ бзылъхугъэр «хабзэм» зэрытемытымкlэ ягъэкъуаншэу топсэльыхь. Адрейхэм утыкум щекlуэкlыр кьафlэмыIуэхуу я телефонхэм «исц» е кьабгъэдэхэзэн ящlэсальэ. Ещанэ гупым кьыхэхэм а зи гугъу тщlахэр нэхъ щэху защlыну кьыхуарджэ.

- АтIэ, уэ уэзрелпъымкlэ, сыт абы и хэкlыпIэр?

- Иджыблагъэ дэ дызэгурыIуащ спектаклыр щlэддзэн и пэ кьихуэу, абы епльыну кьэкlуахэм псалъэмакъ щхьэхуэ ядедгъэкlуэкlыну. Ахэр Іуэхум хуэгъэхьэзырыпхъэщ, ди мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ ягурыгъэIуапхъэщ. Театр утыкум щекlуэкlыр пэжу зэхищlыкlыу егъэсэн хуейщ спектаклым епльыну кьакlуэр. Дэ дыхуейкъым ди лэжьыгъэхэр зэфэзэщ хъуну. Кьалэн нэхъыщхьэр спектакль дгъэпльагъэм хуэфэщэн театрелпъхэр диIэныщ. Драмэр сабийхэм, таурыхъ лъабжьэ зиIэ спектаклыр балигъэм ебгъэльагъуныр мыхьэнэ зимыIэ Іэхущ. Кьыщыхъу щыIэщ къуэжьэхэм тша спектаклэхэм сабий щынэхэр кьыщахь. Сэ кьызгуроIуэ ахэр кьызэхуэбгъэнэн щымыIэнкlэ зэрыхъунур, ауэ адрей щlыхуэхэми егупсысын хуейщ.

- Абы и лъэныкъуэкlэ совет зэманым щыIа щlыхуэхэр нэгъуэщlт?

- Нтlэ.

- Уэ уэзрелпъымкlэ, сытыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Псом япэу ар зэпхар цензурэ зэрыщымыIэжырщ. Ар Іупх щыхъунур театрелпъхэм фlымрэ емрэ зэхагъэкlыф хъуа нэужьщ.

- Сыт хуэдэ цензурэ театрыр зыхуэныкъуэр?

- Дэтхэнэ театрми пашэ иlэн хуейщ. Абы и кьалэныр актёрым и зэфlэкlыр сыт хуэдэ лъэныкъуэкlи кьызэкъуихыным и закъуэкъым, атlэ утыкум щекlуэкl псомкlи жэуап ехь икlи

Епсэльар
ДЭГУ Мухьэмэдщ.

Сенатор Къанокъуэ Арсен

и ныбжьыр мазаем и 22-м илъэс 60 ирокъу

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр и щхьэкlи и Іуэхущафэкlи къацlыхуну хунэсащ езыр къыщlалъхуа республикэм, Урысей псом. Абы и гугъу щытщlкlэ, ди нэгу къыщlэувэжыр ди хэку цlыкlум папщlэ зэфlигъэкlа Іуэху дахэхэрщ, КъБР-м и Іэтащхьэу лэжьэху дэтлъэгъуа Іэзэгъымрэ жумартагъымрэщ.

● ДифI догъэлъапIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Кремлым иригъэблагъащ. *2007 гъэ*

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым 2005 гъэм фокlадэм и 28-м кьыхилъхьэри, КъБР-м и президенту ягъэуват иджырей гупсысэкlэ зиIэ, зыхуигъэувыж кьалэнхэр зэрызригъэхъулIэн Іэмалхэр кьэзыгъуэтыф политик Къанокъуэ Арсен. Ар а Іэнатlэм зэрыпэрыта илъэсибгъум кьируибыдэу пщlэшхуэ кьыщилэжьащ ди лъахэм исхэм я деж, и Іуныджыр щыIэзфlэуващ, и зэфlэкlыр кьэрал псом кьыщалъытащ. Урысейм ис эксперт-политолог куэдым жаIэрт Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Іэтащхьэу щlагъэувар экономист-Іуэхуэзехьэ лъэщу, абы и лъэныкъуэкlэ зэчий кьызэрымыкlуэ бгъэдэлъу зэрыщытыр арауэ. Пэж дыдэуи, абы щыхьэт техъащ Къанокъуэм УФ-м и субъект нэхъ кьыкlэрыхуэхэм ящыщыр илъэс зыбжанэм кьируибыдэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щlынальэм экономикэ и лъэныкъуэкlэ щыпашэ хэгъуэгу зэрищlар. КъБР-м и Унафэщlу щагъэува махуэм щегъэжьауэ ар иужь ихьащ республикэм и экономикэм зегъэужьыным, туризмэм зегъэубгъуным, мэкъумэш Іэнатlэмрэ промышленностымрэ егъэфlэкlуэным.

Ахэр зригъэхъулIэфын папщlэ зыхуэи псори - зэфlэкl, щlэныгъэ, лэжьыгъэм и пlалъэ, жыджэрагъэ - иIэт абы. Кьанокъуэ Арсен кьиухащ Плеханов Г. В. и цlэр зэрихьэу Москва дэт, цlыхубэ хозяйствэмкlэ институтым и сату-экономикэ факультетыр. Ар экономикэ щlэныгъэхэм я докторщ. Экономикэ щlэныгъэхэмрэ хьэрычэтыщlэ Іуэхуэхэмкlэ академием, Естественнэ щlэныгъэхэмкlэ академием я действительнэ членщ, ЩIДАА-м и академикщ. Къанокъуэм и кьалэмыпэм кьыщlэкlащ рыночнэ экономикэм и хабзэхэм ятеуху мониторинг, тхыгъэ зыбжанэ.

КъБР-м и Іэтащхьэу зэрылэжьа зэманым кьриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэ щlэт гупымрэ куэд кьайхьулIащ республикэм зиужьынымкlэ. Ар и фlыгъэщ жылагъуэм и гъащlэм екъэлIа Іуэхугъуэхэу гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщlыпхъэхэр, республикэм зэрызиужьыну унэтIынныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ кьэрал власным и органэхэм кьалэщlат кьалэнхэмрэ Іупщlу зэхигъэкlыу, апэ игъэщlыпхъэхэр игъэнаIуэурэ ахэр зи нэIэ щlэтыпхъэхэм пщэрылъ ящищу зэрыщытам.

Къанокъуэ Арсен сыт щыгъуи хеубыдэ политикхэм, экономистхэм, хэгъуэгу Іэтащхьэхэм я зэфlэкlыр кьыщапщытэ рейтингхэм икlи ар Урысейм и политик пщlэ нэхъ зыхуащlэхэм ящыщу кьалъытэ.

Ахэр бжыгъэ, гулъытэ кьызэрыгэкlыу зэрыщымытым щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщlу щылэжьа лъэхъэнэм республикэм кьыщыхъуа зэхъуэкlыныгъэфlэхэр. Къапщтэмэ, мэкъумэшэкlымкlэ 2010 гъэм КъБР-р КИФЩI-м пашэ щыхьуащ. Социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ инвестпроектэхэр кьызэригъэсэбэпамрэ кьапэкlуащ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащlэ зэрыхъуар, республикэм ику иту щат улахуэм, пенсэхэм зэрыхэхъуар, еджапIэщlэхэр, медицинэ Іуэхущапlэщlэкlэр кьызэрызэIуахар, ди кьалэхэм, кьуажэхэм я тепльэр зэрефlэкlуар, нэгъуэщl Іуэху дахэ куэди кьаазэрыдэхьуар.

Республикэм зиужьыным хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщlэ, Къанокъуэм кьыхуагъэфэщащ Зэныжьбэгъугъэм и орденыр (2007 гъэ), «Хэкум и Щlыхь» орденыр, «Хэкум и пащхьэм щlиIэ фlыщlэм папщlэ» орденым и IV нагъыщэр (2010 гъэ), «Мамырыгъэмрэ псапащlэ Іуэхуэхэм папщlэ» медалыр (2008 гъэ).

Къанокъуэ Арсен и жкмартагъыр цlыхубэм ягъэунэхуащ иригъэкlуэкl псапащlэ Іуэхуэхэмкlэ, махуэшхуэхэр, Іуэху дахэхэр кьызэгъэпэщыным и мылъку зэрыхилъхьэмкlэ. Псалъэм кьыдэкlуэу жыпIэмэ, абы и жэрдэмкlэ, езым и ахъщэкlэ иригъэщlащ Налшык кьалэ дэт мэжджэитыр, КъБР-р езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум иригъэлIэу кьызэIуаха Фэеплъ аркэр, Кавказ зауэжьым хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр, «Синдика» хьащlэщlыр, «Эльбрус» шхапIэр иджырей мардэм изагъэу зэригъэгъэпэщыжащ, зыдэIэпыкъуа цlыхухэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ.

Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм и гъащlэр Іуэху зэхуэмыдэжкlэ гъэнэщlащ. И гуфIэгъуэр ди Іэту, и нэщхьеягъуэр дигуэшу абы кьыдогъуэгурыкlуэ и щхьэгъусэ ФатIимэ, зи псапащlэ Іуэху дахэхэмкlэ иджыпсту кьыщацlыхуа бзылъхугъэ гуакIуэр. Апхуэдэуи я екъулIэныгъэхэм иригушхуэу бынищ зэдаIэ. А псори щыхьэт тохъуэ Арсен, политик, жылагъуэ лэжьакlуэ щэджащэу зэрыщытым нэмыщl, къэзгъэуцэ, ада гумащlэу, къызэрыгъэкl цlыху гуапэу къызэрекlуэкlым. Абы и ныбжьыр илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу дехъуэхъуну дыхуейщ иIэ фIыгъуэр хуэбагъуэу, и Іуэхущlафэхэм хъер кьапэкlуэу, гуныкъуэгъуэншэрэ гурыфIыгъуэ хэмылкlыу иджыри илъэс куэд кьигъэщlэну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щlыхь зиIэ и журналист.

Налшык щохьэщlэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий. *2010 гъэ*

Куэдым хуэIэижь щIэныгъэлI Темрокъуэ Анатолэ

● Фэеплъ

Физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и вице-президент, Естественнэ щlэныгъэхэмкlэ Урысей академием, Щlэныгъэмрэ Гъэзджэхэмкlэ Петровскэ академием, Технологие щlэныгъэхэмкlэ Урысей академием хэт, РАН-м и КБНЦ-м физикэмрэ астрономиемкlэ и щlэныгъэ советым и унафэщl Темрокъуэ Анатолэ Индырбий и къуэр и Іэдакъэщlэкlэмкlэ ди республикэм, Урысей и мызакъуэу, нэгъуэщl къэрал куэдми къыщацlыху.

АНАТОЛIэ 1942 гъэм Тэрч районым хыхь Болэтей къуажэм къыщалъхуащ. Зэман гугъум халъхуами, ехъулIэныгъэфlхэр зыIэригъэхьэу ар курыт школми еджапIэ нэхъыщхьэми щеджащ. Къэралым кьулыкъу хуищIэу кьигъэзэжа нэужь, 1966 -1969 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым теоретическэ физикэмкlэ иIэ кафедрэм и аспирантурэр кьиухри, 1973 гъэм кандидат, 1983 гъэм доктор лэжьыгъэхэр пхигъэхIащ.

КъБКъУ-м теоретическэ физикэмкlэ иIэ кафедрэм и ассистент кьыщIидзэри, и щlэныгъэм хигъахъуэрэ, профессор хъуащ Анатолэ, КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмрэ зэрыщагъэджэныр егъэфlэкlуэным и гущlэ хилъхьащ.

1975 гъэм ар КъБКъУ-м теоретическэ физикэмкlэ иIэ кафедрэм и унафэщlу ягъэувари, 2001 гъэ хьухукlэ абы щылэжьащ. Еджагъэшхуэм кьыхилъхьа псалъэкlэ 1970 - 1990 гъэхэм ди университетым къэралым и щlэныгъэлI нэхъыфlхэр лекцэ кьыщеджэну кьрагъэблагъэу щытащ. Езыр зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакlуэт. Студентхэми ябгъэдилъхьэ щlэныгъэр фlэмащlэрэ нэхъыбэ зэражриIэным, зэрагурэлъагъуным хущlэкlуэу, зэманыр сыт щыгъуи кьемэщlэкlыу, езы еджакlуэхэми фIы дыдэу кьалъагъуу, чэнджэщlкlэ зыкъыхуагъазэу апхуэдэт.

Университетым зэрыщылэжьам кьыщымынэу, Анатолэ нэгъэщlэ Іуэху щхьэпэхэри зэрихьащ. Ар хэтащ УФ-м и Правительствэм и нэIэм щlэту лажьэ, фундаментальнэ кьэхутэныгъэхэмкlэ фондым и советым. Темрокъуэм и кьалэмыпэм кьыпыкlащ кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд, абыхэм я бжыгъэр 100-м нос. ЕхъулIэныгъэ иIэу иригъэкlуэкl щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщlафIэм кьыдэкlуэу, Анатолэ гудзакъэ иIэу пэрытащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхуми. Абы и куэдщ и Іуэхум кьыпызыща гъэсэнэхэри. Апхуэдэу ар аспирантипщым я кандидат лэжьыгъэр пхагъэкlыныкlэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъащ, и еджакlуэхэм ящыщу тIур физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор хъуащ.

Къыдэкlуэтей щlэблэм Анатолэ ядригъэкlуэкlа псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. Абы и щыхьэтщlэныгъэлIым щlыхь, фIыщlэ тхылъхэр мызэ-мытIэу къызэрыгаубэфэщар.

И ныбжьэгъуэхэм, и Іыхьлыхэм къызэрагурэIуэтэжьмкlэ, езыр хуабжьу цlыху щабзу, укlытэхыу, зэпIэзэрыту щытащ. Игури и псэри къэзыухъуреихь псоми яхуэзIухауэ, дэтхэнэми зыщlигъэкъуэну, дэIэпыкъуну хьэзыру апхуэдэт. Физикэмрэ математикэмрэ я закъуэтэкъым ар зыхуэIэижьыр, атIэ ар дахэ дыдэуи фортепианэ еуэрт, сурэтыщ! Іэзэт, усэ итхырт, спортми дихьэхырт.

Ауэ, ажалым «сынокIуэ!» жиIэркъым, и цlыхуфIагъми, бгъэдэлъ гъэсэныгъэми, щlэныгъэми епльыркъым. Зэман кlыхькlэ сымэджажэу Темрокъуэ Анатолэ 2011 гъэм мазаем и 22-м дунейм ехыжащ.

Нобэ яхэмытыжми, абы и фэеплъ нэхур я гум илъ абы и Іыхьлыхэми, дэлэжьахэми, иригъэджахэми, ар зыцlыхуу щытахэми.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Абы дегъэпIейтей

Зэпымыууэ кIэлъоплъ

НАЛШЫК кьалэ округым потребительскэ рынокымкlэ и Іуэхущlапlэмрэ муниципальнэ кlэлъыплъныныгъэмкlэ и кьудамэмрэ хабзэм кьемызэгъ рекламэхэр фIегъэхьыныным теуха рейдхэр ирагъэкlуэкl. Потребительскэ рынокымкlэ Іэнатlэм и унафэщl Ащхьуэт Исльам зэрыжиIамкlэ, иужьрей махуэхэм къриубыдэу хуимыту фIадза бенчмуарк 80-м нэблагъэ, рекламэ пкъыгъуэ зэрыIыгъыу 23-рэ Іурагъэхьжащ. Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткlэ, Іуэхущlапlэхэм я унафэщlхэм тхылъ 71-рэ хуатхащ. Къишьнэмыщlауэ, зыхуимыт щIыпIэхэм кlэралъха афишэхэр, плакатхэр, хьыбарегъащlэхэр кlэрырагъэхьжащ, уэрамхэм зэпраша кIапсэхэр фIрагъэхьжащ. Рекламэ фIэзыдзэхэм ялэжь адми-нистративнэ кьуанщагъэжр муниципалитетым и Іэщlагъэлlэхэм зэпымыууэ къыщlагъащ. Апхуэдэу хабзэншагъэхэр зымыдэу захуэзыгъаз а цlыхухэм я тхыгъэхэм хоплъэ. Рейдхэр щlэмычэу ирагъэкlуэкlынущ. Гъэзугъэм зэран хуэхъу, Налшык и архитектурэ теплъэр фаджв зыщl рекламэ мыхъумыщlэхэр, рекламэ пкъыгъуэ зэрыIыгъ зэмылIэужьыгъуэхэр кьалэм дагъэкъэбзыкlынущ.

Налшык кьалэ округым и щlыпIэ администрацэм и пресс-Іуэхущlапlэ.

460

Къэбэрдеипщ Анзор Хьэту Кавказ эскадроным кьулыкъу щещlэ. *Сурэтыр* **Шарлемань А. И.** *ищlащ. Петербург, 1864 гъэ*

● Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Лохвицкий Михаил къызэрыгъэхъурэ нобэ илъэс 95-рэ ирокъу

Дыгъэр и лъым хэтт

Ар тхэкIыжащ 1989 гъэм и гъэмахуэм. Дунейм ехыжыным махуэ зыбжанэ иIэжу Лохвицкий Михаил Налшык щыхьэщIащ и щхьэгъусэ Андроникашвили Наталье, и бынхэр, и благъэхэр и гъуэгу. ЩоджэнщIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбардей къэрал драмэ театрым екъуэдIэныгъэшхуэ иIэу щекIуэкIырт абы и «Уафэгъуагъуэ макъ» пьесэмкIэ режиссёр Фырэ Руслан игъэува спектаклыр. Спектаклым иIа екъулIэныгъэм дыщыуфIыкIыу дэ абы махуищкIэ дригъусащ. Адыгэ театреплъхэр пьесэм и лIыхъужьхэм дахьэхат я хьэл-щэн къэмылэнджажэмкIэ, я псэ къабзагъымкIэ.

А хьэл-щэнхэрт Михаил и лэжьагъухэм, и ныбжьэгъухэм, и благъэхэм я деж и пщIэр льагэ щызыщIыр...

Лохвицкий Михаил 1922 гъэм мазаем и 22-м къалъхуащ. Зэгуэрым езым зэрыжиIамкIэ, ар къыщалъхуащ «дуней псом усыгъэр нэхъ щызыхэпщIэ и щIыпIэм - Детское Село жылагъуэм (иджыпсту Пушкин къалэм)».

Дауэ абы и адэ-анэр абы къызэрыщыхутар? Урыс-Кавказ зауэр щиуха гъэм (1864) Лэхъужыкъуерей жылэм щыщ Зэчрей шапсыгъ щIалэ цIыкIур, Миша и адэщхэур, поручик Пригарэ Иван я дежи ишащ, мазэ зыбжанэ дэкIри, ар къуэ ищIащ. Шапсыгъ ныбжьыщIэр ТIуапсы яшащ, абдеж абы жор адэ щыхуэхьуащ Лохвицкий Пётр Давид и къуэр. Апхуэдэу Аджыкъу Зэчрей Лохвицкий Захарий Пётр и къуэ хъуащ. Абы къыуахащ Гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ Петербург къэрал институтыр. ЕджапIэ ныжьым абы и унафэщI Гарсеванов М. Н. Лохвицкий Захарий Куржым - и хэкум пэгъунэгъуу - игъэкIуащ. Захарий нубзыхуащ икIи иуухуащ Боржомы-Бакурнани гъущI гъуэгу къудамэхэр.

Гъуэгуущхэ инженер щIалэм кьишащ а илъэсхэм Тифлис щылэжьа, Шаднинов Иванрэ Вазоли Луизэрэ япхъу, итальян оперэ труппэм и уэрэджыIакIуэр.

Михаил и адэ Лохвицкий Юрий бынитхум я нэхъыжьт. Абы Гвардие плъыжьым къуажьку щищIащ, Волховстройм, ХрамГЭС-м щылэжьащ, Азие Курыхым псыщIэгъэльадэ кIэнауэ щыщащхэм щылащ. Мишэ илъэсибл щрикъум абы и адэанэм Тбилиси хэщIапIэ ящIащ. ТхакIуэ хъуну щIалэ цIыкIур акварелкIэ сурэт щIыным дыхьэхырт, тхылъ куэд щIиджыкIырт, еплIанэ классым щIэсу и ныбжьэгъу Крымм Витя и гъусэу приключенческэ роман итхат. Илъэситху докIри, гъущI гъуэгу школ №5-м и еджакIуэ Лохвицкий Мишэ Куржым фехтованиемкIэ и чемпион мэхъу.

ИтIанэ зауэм щIидзащ. Илъэс 19-м ит Лохвицкэр фронтым Іухьащ. Абы зауэ гъуэгуанэр щрихьэкIащ хы ФIыцIэ флотым, Іуэвн тенджызым, Индыл, Керчь, Одессэ, Днестр, Дунай псыхэм.

Зауэр иухри, илъситI дэкIауэ абы Тбилиси къигъэзэжащ. Илъэс 20 дэкIыжауэ Лохвицкий Михаил дзэм къыдыхэта хыдзэлIкIэр щызэрихьэлIэжам, нэIуэ къэхъуащ цIыху 7500-м щыщу ТекIуэныгъэм и махуэм нэсыфар 98-рауэ зэрыщытыр.

Аджыкъу Джэрий ящыщщ Хэку зауэшхуэ нэужь лъэхъэнэм литературэм къыхьыхьа тхакIуэхэм. Аращ абы и Іуэтэжкэр (рассказэр) щызэхуэхьэса и яп тхылъым («Встречи в пути») дежи щегъэжьауэ 1987 гъэм кьыдигъэкIа и «Час сенокоса» повестым деж щиуэлыжу и творчествэ псом зауэ темэр щIыпхрышар. Абы и лъэныкъуэкIи тритикхэм къехъулIауэ къалъытэ «Неизвестный» романыр. Ар къыщыдэкIащ хамэ къэралхэми - Польшэм, Венгрием, Чехословакием, Испанием.

Урысыбзэкlэ тхэ адыгэ тхакIуэм и творчествэм ушыпIэ хэха щызыубыдыр тхыда Іуэхугъуэзэрщ. Революционерхэру Кецховели Ладо, Джапаридзе Алёшэ сымэ я образхэр къыщыгъэлъэгъуащ «Выстрел в Метехи» романым, «С солнцем в крови» повестым.

Нобэ зи гугъу тщIынур къызыхэкIа лъэпкъым - шапсыгъхэм - я кIуэдыкIам Лохвицкиэм триухуа и «Уафэгъуагъуэ макъ» повестращ.

Псэр щэи, напэ къэщэху

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа, илъэс 17 ипкIэ дунейм ехыжа Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) Куржым и ТхакIуэхэм я союзым и урыс къудамэм и унафэщIт. Абы и къалэмыр хуэлажьэрт зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным,лъэпкъзэмылIэужьыгъуэхэм ехъажэкIа цIыхухэм я гъащIэр, я дуней еплъыкIэр къэгъэлъэгъуэным. Аджыкъур тетхыхьащ адыгэ, куржыи, урыси, румыни, мэжэри, лыхьи...

Аджыкъум и тхылъхэу ди дежи нэгъуэщI къэралхэми дунейм кьыщытекхьахэм ЦIыхухэр дахьэхыу йоджэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Польшэмрэ Венгриемрэ кьыщыдэкIащ абы и роман «ЯмыцIыхуу жыхуиIэр, Хэку зауэщхуэм теухуар. Лыхьхэм, инджылызхэм, испанхэм, чеххэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ тхакIуэм и Іуэтэж, повесть, роман нэхъыфIхэр.

КУРЖЫ революционер цIэрыIуэЕцховели Ладо и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ теухуащ Лохвицкэм и «Метехи фоч щыуащ» романыр (1973 гъэ). ЦIыхухэр куэду къызэрыщIэупщIэм къыхэкIыу, зыбжанэрэ къыдагъэкIащ адыгэ тхыдэм теухуауэ Аджыкъум итха повестыр - Уафэгъуагъуэ макъыр». Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и университету Лумумбэ Патрис и цIэр зезыхьэ къэзыуха, Сирием щыщ адыгэ бзылъхугъэ Дзбжен Динэ ар хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIри Дамаск къыщыдигъэкIащ. «Ал-Баас» газетым абы теухуа тхыгъэхэр тIэунейрэ тридзащ. ТхакIуэ икIи критик ал-Мысри Маруан итхырт: «Адыгэ тхыдэм тепсэлъыхь тхыгъэ хьэрыпыбзэкIэ къызэрыдэкIар Іуэхугъуэфlу зэрыщытыр къэзгъэлъагъуэкIэрэ, сэ жысIэну сыхуейщ ар псэм лъэIэу, пэжагъышхуэ хэлъу, Іэзэу тха зэрыхъуар».

Дыкъыгеувыlэнщ Аджыкъу Джэрий и поэмэ зэрыщIыпIэм - Детское Село жылагъуэм (иджыпсту Пушкин къалэм)».

Дауэ абы и адэ-анэр абы къызэрыщыхутар? Урыс-Кавказ зауэр щиуха гъэм (1864) Лэхъужыкъуерей жылэм щыщ Зэчрей шапсыгъ щIалэ цIыкIур, Миша и адэщхэур, поручик Пригарэ Иван я дежи ишащ, мазэ зыбжанэ дэкIри, ар къуэ ищIащ. Шапсыгъ ныбжьыщIэр ТIуапсы яшащ, абдеж абы жор адэ щыхуэхьуащ Лохвицкий Пётр Давид и къуэр. Апхуэдэу Аджыкъу Зэчрей Лохвицкий Захарий Пётр и къуэ хъуащ. Абы къыуахащ Гъуэгу зэпыщIэныгъэхэмкIэ Петербург къэрал институтыр. ЕджапIэ ныжьым абы и унафэщI Гарсеванов М. Н. Лохвицкий Захарий Куржым - и хэкум пэгъунэгъуу - игъэкIуащ. Захарий нубзыхуащ икIи иуухуащ Боржомы-Бакурнани гъущI гъуэгу къудамэхэр.

Гъуэгуущхэ инженер щIалэм кьишащ а илъэсхэм Тифлис щылэжьа, Шаднинов Иванрэ Вазоли Луизэрэ япхъу, итальян оперэ труппэм и уэрэджыIакIуэр.

Михаил и адэ Лохвицкий Юрий бынитхум я нэхъыжьт. Абы Гвардие плъыжьым къуажьку щищIащ, Волховстройм, ХрамГЭС-м щылэжьащ, Азие Курыхым псыщIэгъэльадэ кIэнауэ щыщащхэм щылащ. Мишэ илъэсибл щрикъум абы и адэанэм Тбилиси хэщIапIэ ящIащ. ТхакIуэ хъуну щIалэ цIыкIур акварелкIэ сурэт щIыным дыхьэхырт, тхылъ куэд щIиджыкIырт, еплIанэ классым щIэсу и ныбжьэгъу Крымм Витя и гъусэу приключенческэ роман итхат. Илъэситху докIри, гъущI гъуэгу школ №5-м и еджакIуэ Лохвицкий Мишэ Куржым фехтованиемкIэ и чемпион мэхъу.

ИтIанэ зауэм щIидзащ. Илъэс 19-м ит Лохвицкэр фронтым Іухьащ. Абы зауэ гъуэгуанэр щрихьэкIащ хы ФIыцIэ флотым, Іуэвн тенджызым, Индыл, Керчь, Одессэ, Днестр, Дунай псыхэм.

Симонов Константинрэ Лохвицкий Михаилрэ. *1977 гъэ*

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, скульптор БжэIуэмых Хьид и хэщIапIэм щIэсщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Лохвицкий Михаилрэ. *1987 гъэ*

вестыр зытеухуаи, абы и мыхьэнэм. ТхакIуэм и макъ егъэIу лIэщIыгъуэ блэкIам къэхъуа гуаузм - Урыс-Кавказ зауэм, истамбылакIуэм я джэрпэджэжу, абы дерс къыхэкIи зэрыхуейр къыдиIуэтылIэу. Лъэпкъым и блэкIам ухуэдэгуу икIи ухуэнэфу ущыт зэрымыхъуар къыдгурегъаIуэ. Абы щыгъуэми егъэлъапIэ цIыхугъэ нэсыр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа цIыхухэр сыт хуэдэ лъэхъэнэми зэпэгъунэгъу зыщI акъыл нэхур, захуагъэм и телъхъэ хъуну псэр къэзыгъэушыр.

«Псэр щэи, напэ къэщэху» жыхуиIэ псалъэжьыр повестым псалъа щхьэ хуэпщI хъунущ, сыту жыпIэмэ, аращ тхылъыр зытеухуэжар: лъэпкъ псом зигъэкIуэдащ и напэр имыщэн, биим лъэгуцIэтын зримыгъэщIын папщIэ; цIыху минхэм загъэлIащ, я адэжь лъахэр ямыбгынэн, зыщалъхуа щIынальэм емыпщIыжьын щхьэкIэ...

Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм апхуэдэу щIышхуэ яIыгъэтэкъым, яхуэменыкъэжьын хуэдэу. Ар къыдогъанэри, ерагъкIэ ярикъуу ящат, псэемыблэжу телэжьыхьырэ абы ирипсэун папщIэ. ИкIи телэжьыхьхэрт, я гуащIи я пщIэнтIэпси емыбгажу. Я щIинальэри къэщIэрэщащ, берычэтыр и тыгъуэ, хъугъуэфIыгъуэр и багъэу. Абы къигъэнэпсеяуэ арат гупыс щыхьэр. Ар, дауи, щыгъуазэтэкъым бгылъэ щIыпIэхэр «дуней жэнэт» пщIынырыкъыззэрыгуэкI Іуэхуу зэрыщымытым. Абы занщIэу гу лъитащ пащтыхьыжьым зэуэну Кавказым къигъэкIуа къызэрыгуэкI мэкъумэщыщIэ Кожевниковым. Абы адыгэхэр зыхуэдэр къызэрыгурыIуэр офицер Кайсаров Яков мыпхуэдэу иреIуэтылIэ: «Зи щхьэр лажьэ лъэпкъщ. Джабэ нэкIуэхэр, псым имылъэсын хуэдэу, къат-къатурэ къызэрагъэбатэр уэзгъэльэгъуащэрэт. Мывэшхуэхэр зэхуахьэс, ищIагъымкIэ кхрахьэхыурэ, зэтралъхьэ, псыIущIэ ящI, итIанэ псы екэжьым щыщ къуэгъпищри - пшахъуэ, мывэкIещъ сыт жыпIэми, хуэегъэзыхыгъуэ щыхъуэхэм щызэтралъхъэ. ЩIыпIэр зэтес мэхъуэ. ИужькIэ тафэм щIыгулъ фIыцIэ къращри, абы трак Іутэж, сэнми щIадзэ».

А щIыкIэм тету щIыр къэзыгъэбатэ адыгэ мэкъумэшыщIэмрэ адыгэхэм ягухъа ящыс офицер Кайсаровымрэ «Уафэгъуагъуэ макъым» мыпхуэдэу щызэпсалъэ. Кайсаровым къеIуатэ Бытырбыкъ къатищу зэтет унэхэр зэрыщыIэр. Абы и щхьэусыгъуэр щIыр къаззэремэщIэкIырауэ къызыщыхъуа адыгэм и къызэрыгуэкIыу жеIэ: «НтIэ, щIыр ун мащIэмэ, нэгъуэщI Іэмали къыпхуэгупсысынукъым».

МэкъумэшыщIэм дэнэ щищIэнт апхуэдэу зыжриIэм губгъуэ хуитышхуэхэр зи бащэ Урысей уэхыр и лъахэу. Ар зэрегупсысымкIэ, пащтыхьыр, щIы и куэду щытамэ, адыгэхэм яйм еIуэснутэкъым...

ХьэкIэкхъэщIагъэщ зы щIы кIапэ щхьэкIэ лъэпкъ гуэрым илъ бгъэжэныр. Пащтыхьыдзэм лей зэрызэрихьар, гущIэгъу зэримыIэр хьэкъыу зи фIэщ хъуа офицеры - ар и псэм хутемыгъахуэу - адыгэхэм ягуохъ.

И лъэпкъми, и къэралми, и дини епщIыжьныр сыт кьызызэкIар? Хеймрэ мысэмрэ зэхигъэкIыфу зэрыщытырщ. Пэжщ, а псори занщIэу абы и акъыл нэсакъым, езыми хеилъкIэ зэуцIэпIыжа нэужьщ къыщыгурыIуар. Кайсаровым и напэм къыхуегъэзэгъыркъым дяпэкIи апхуэдэу псэуну - щхьэщIэгупсыс, хъужьпIыжь мэхъу. Ар егъэгулэз, и псэр хьэзаб хигъэтщ напэм емызэгъ ивэжьыну ехулIа зэрыхъум. Ельагъу, егъэунэху къызызэкIа лъэпкъым икIагъэ зэрищIэр, езыри абы и джатэзехьэу щыщыт-кIэ, цIыхугъэншагъэ хэмылъу зауэм зэрыхэмытыфынур. Ар къыщыгурыIуэкIэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ имыгъуэту, зиуКIыжьну хуоужъ. Игу ирилъхьа ягу ищIэну къыщIэкIынт, ауэ адыгэхэм я лъэныкъуэ мэхъури, и мурадыр зэрехъуэкIыж.

Повестыр нэхъыбэу зытеухуар Кайсаровым и щхьэм кърикIуа насыпншагъэрщ. Ауэ абы и закъуэкым а зауэ гущIэгъуншэм насыпыншэ ищIар. Лейзехьэхэм гущыкI яхуищIри, и щхьэр здихьын имыщIэу къыщынэм, Іуэху мыщхьэмыпэ илэжьащ офицер Поповым Азотовым.

Къэзыухъуреихь дунейр зэрызэIыхьар, ар цIапIагъэ зэфэхэщу зэрызэхэлъыр зэрыхуэмышэчамкIэ нэрылъагъу мэхъу ар зи цIыху лIэужьыгъуэу щытар. Попов-Азотовым гъащIэр Іумпэм ищIащ, зытет дунейм зэрыхуэмыарэзыр абыкIэ къигъэльагъуэу. ЩыпIэм щыгъуи мыращ къыжьэдэкIа псалъэхэр: «ЦIапIагъэщ... Псори цIапIагъэщ».

Кайсаровым а псори нэхъ иужьыIуэкIэщ къыщыгурыIуэжар, езыри лей зезыхьэхэм зэращыщыр, зауэ емынэм зэриIэщэзехьэр къыщищIэжар.

Ар и зэхэщIыкIым нэзыгъэса Іуэхугъуэт Попов-Азотовым и кIуэдыкIари, лажьэ зимыIэ адыгэхэр зэрызэтраукIэри. Зэгуэрым дунейр зыфIэIэфIу щыта щэрджэс лъэпкъым бгы зытеуа цIыху и псэр хэкIыпI, ар дунейм теIуэдыкIыжьырт. ИкIи ар зи Іэужь залымхэм адыгэр зэрыкIуэдыжьыр бэрэбэнауэ макъэр гуфIэгъуэ маршкIэ ягъэлъапIэрт.

Кайсаровым зэрыжиIэжымкIэ, адыгэлъыр щысхьиншэу зыгъэжа пащтыхь къуэшым зауэр зэриухат и щIыхькIэ къызэIуихат хасэшхуэ. «Зэ епльыгъуэкIэ, псори бэлыхьу къызэрагъэпэщауэ гуфIэгъуэт, уепльыжьпамэ - ар зауэр зэриухам темыухауэ, шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ зэрыкIуэдыжьым и хьэдагъэт».

«Уафэгъуагъуэ макъым» къыщыгъэльэгъуащ цIыху куэд ажалым зэрызэщIикъуэр. Ауэ гур зыгъэзэуэр, цIыху щхьэхуэ мыхъу, лъэпкъ псом и кIуэдыжькIар ди нэгу къыззэрыщIигъэхьэрщ.

...АДЫГЭХЭР я хэкум ираху. Ижьижьыж лъандэрэ Кавказым щыпсэуа лъэпкъым хуагъэуващ Тыркум Іэпхъуэну, е хухаха щыпIэхэм гуп цIыкIуурэ зэкIэщIэкIауэ хэщIапIэ щащIыну. Абы къикIырат: лъэпкъыр мэкIуэд, ауэ языныкъуэ адыгэхэр яхъужмэнущ зыкIи зыхуэмеиж, зыми имыщIысыж хьэпшып гуэру, музейхэм щагъэльагъуэм хуэдэу.

Адыгэхэм арат я натIэ хъунур, кьагъэжьIэщIамэ. Аращ ахэр щIемыдэIуар «Фагъэльагъу щIыпIэхэм фыIэпхъуэ, ар фымыдэрэ - Тыркум фикIыж», - жиIэу урыс пащтыхьым ищIа унафэм. Тыркум икIыжкIи я сэбэн хэльтэкъым, абы щыгъуэт лъапси лъахи ямыIэжу псори щафIэкIуэдыр. Ар адыгэхэм фIы дыдэу къагурыIуэрт, ар къыгурыIуэрт «урыс пащтыхьитIинэмэ».

Гъэр ящIа аслъэн шырым хуэдэу хъарым зраубыдэж е Тыркум Іэпхъуэну щалъхъэкIэ залъэхъэж нэхърэ фIыуэ яльагъу я лъахэм зыщагъэлIэжыныр шапсыгъхэм нэхъ къащтащ. АдэкIи адыгэхэм я къекIуэкIыкIам къеГъэльагъуэ ахэр зищIысу щытар, лIыгъэшхуэ зэрэхъэльар. «ЛIэнми лIыгъэ хэльщ» щIыжаIэжар езыхэрами ярейуэ, я псэр щатми мыкIуэдыжьыр щIыхькIэ я пщIэр яIэтыфащ. Хэкум хуаIэ фIыльлъагъныгъэм и нурыр къащхьэщытащ. Мырат абы теухуауэ а зэманым Маркс Карл итхар: «Адыгэхэм аргуэру урысдзэр хагъэщIащ... Дунейм тет лъэпкъхэ! Абыхэм щапхъэ ятефк, мис апхуэдиз хузэфIокI щхьэхуитныныгъэм нэсу щIэбэн лъэпкъым!»

Хэкум и щхьэхуитныныгъэр ихъумэжу, лIыгъэ хэльу зи псэр зыта цIыхум и пщIэр инщ. Мыбдежьм зы лIыхъужькъым хахуэу къыщIэкIар - лъэпкъ псом и псэр итащ, зэи зыми и щхьэр зэрыхуимыгъэщхьынур игъэнаIуэу, зыщалъхуа щIынальэр нэгъуэщIкIэ зэримыхъуэжынур игъэлъагъуэу. Ар кьыззэрыхьуа щIыкIэр тхыльым мыпхуэдэу ди нэгу щIекIэкI: «Мэз лъапэм пIэ яуфэбгъууэ хьэдэ гурыщэу зэхальт адыгэ фащэ зыщыгъ цIыхухъуэхэр, цIыхубзхэр. Ахэр щылт зырызу, тIурытIу, нэхъ зэпэгъунэгъуи зэпэIэщIи зэхэтуэ, хэт гууэщIу, хэт хьэмбыIуу, хэти джабэм телъу. Хэти и Іэ-и лъэр зэкIэщIэдзауэ, хэти зызэфIигъэщхъуэу... Апхуэдиз хьэдэ сэ си гъащIэм сльэгъуэтэкъым».

Дыгъэм я гупэр хуэгъэзауэ, къэмыхашэу, уардэу дунейм ёохыж адыгэхэр. А теплъэгъуэм уегъэмэхьашэ икIи апхуэдэ гушхуэныгъэ зыхэлъа лъэпкъ щхьэхуитым и щхьэм кьрикIуар гущIыхьэ къыщIохьу.

Лохвицкэм ди нэгу щIелъэкI пщыIыпIэм нэхърэ ажалыр нэхъ къэзыщтахэм я гъащIэр зэрат щIыкIэр: абыхэм кIий-гуо, гъы-бжэ я къахэкIакъым - къыхэщтыкI яхэмыту, зэрахьащ я лIыхъужьыгъэр. Зэман бзаджэм и нэлатым къыхуэмыгъэша лъэпкъым гъащIэшхуэ, гъащIэ насыпыфIэ хуэфащэт.

Адыгэхэм я гуауэри я гуапэри уэрэдкIэ яIуатэу щытащ. Я уэрэдхэр гухэхъуэт, пшынальэхэр удэзыхьэхт. Адыгэ хабзэм и гугъу пщIымэ - захуагъэм и пэ иригъэщ щыIакъым. Зауэм щыIуткIи, бырыс хэм, а хабзэр зыщагъэгъупщэу; нанэм емызэгъ ящIэрэзыкъым.

Тхылым зы щапхъэ къехь. Зэгуэрым гарнизон Іэтащхьэ Присыпкиным и фызыр фочышэхэр къызэрельэлъэхьм хуэдэу, быдапIэм дэкIат. Ар къызэралъагъуэ щIыпIэр къэзыуэхьуреихьа адыгэхэр, зэIэтри, ежьэжащ. Гарнизоным и Іэтащхьэми хъыбар къраГъэщIащ: «Дэ фызхэм дезауэркъым», - жаIэри.

Бгырыс куэди, пащтыхьыдзэм щыщу куэди зыхьа Урыс-Кавказ зауэр и кIэм нэблагъэрт. Урыс-хэр здынэмысауэ зы куэдж закъуэт хъэнэжар. Абы ахэр пэльэщыртэкъым, къуршхэм къызэрахъумэм къыхэкIыу, ауэ яри яубыдыным къэнэжа щыIэтэкъым - къызэраувыхьрэ мазэ бжыгъэ хъуат. Адыгэхэм хасэ зэхуащIэри, абы унафэ къыщащтэ, я псэр пытыху я лъахэр яхъужжыну. Хасэм хэтахэр зэбгрыкIыжьырт, къуажэ Іэтащхьэм зы мэкъумэшыщIэ къыбгрэдыхьэу къыщыжриIам: «Псори тэмэм хъужмэ, сэ сыщIэлъэIунущ псей мэзым адэIуэкIэ къыщылъ сэнтхыр звэну икIи згъэпщэну - абдежым мыЗырысей щыхэссэнущ. Сэ хамэ щIыпIэ щагъэкI мыЗырысэ лIэужьыгъуэ гуэр къэзгъуэтащи, щхьэ хуэдизу инщ, фоумэ дахи къыкIэрех, ауэ икIи щабзщ цIыхубзым хуэдэу. Сэ а хэхэсыр ди мыЗырысейм дэзгъэжIэнщи, цIыхухъум ещхьу Іэбыдэ-лъабыдэу, щIыIэми хуэмыгъэгъэзавэу зыкъиужьынщ».

Абы жиIам къыхощ адыгэ мэкъумэщышщIэр фIым зэрыщIэхэупсыр, мамыр гъащIэр зэригъэлъапIэр, нэмысмрэ хабзэмрэ Іыгъыным щIэшхуэ зэрыхуищIыр. «Хабзэ-мыщIэ емыкIухьщ», - жеIэ абы. МэкъумэщышщIэм хьэхъыу и фIэщ мэхъу дэтхэнэ лъэпкъри лъэпкъ зыщIыр, ар зыгъэIумахуэр хабзэрауэ. И Іуэху епльыкIэри пэжщ: зи хабзэр зымыIыгъыж лъэпкъыр хэжкIуэдэжу хуожьэ. Аращ дэтхэнэ бийри лъэпкъ хабзэхэр гъэкIуэдыжьным щIыхуэзерыщIр. «Уафэгъуагъуэ макъым» хэльщ а гупсысэр.

А Іуэхур къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр повестым щыгъзыхуащ. Шапсыгъхэм псори зэхуагъадэрт. Зы щапхъэ адрейм захиIэтыкIыу е зы гуп гуэр бжьыпэр иубыдрэ унафэщI хъууэ ядэнутэкъым. Кайсаровыр абы щытепсэльыхькIэ жеIэ: «Ди пащтыхьыгъуэм лъэкI кьигъэнакъым шапсыгъэр игъэкIуэдын папщIэ. Апхуэдизу ерыщу а Іуэхум иужь щIитым щхьэусыгъуэ Іэджэ иIэнкIэ мэхъу. Ауэ, псом ящхьэу, пащтыхьыгъуэм хуэщэчкъым ахэр щхьэхуиту зэрыпсэур. Сыту жыпIэмэ, щхьэзаб хэмыкIыу псэу урыс мыжьыкъри абыхэм эдэпIьеину хуежьэнут. Зэрынэрылъагъуащи, апхуэдэ щапхъэр пащтыхь къэралыгъуэм шэуэ ямытехуэнкIэ шынагъуэт».

А псалъэхэм нэрылъагъу ящI пащтыхьым Кавказым щригъэкIуэкIа зауэр езы урыс лъэпкъми и бийуэ зэрыщытар.

«Хэт сымэ абы теунэхъуахэр?» - жыпIэмэ, абы теунэхъуащ фадэ фIэкIа къафIэмыIуэхужу зэIыхьа офицерхэр, я унагъуэхэм япэIэщIэу илъэс тIощIрэ тхукIэ къулыкъу зрагъащIэу щыта щэрджэс лъэпкъым бгы зытеуа цIыхуу и псэр хэкIыпI, ар дунейм теIуэдыкIыжьырт. ИкIи ар зи Іэужь залымхэм адыгэр зэрыкIуэдыжьыр бэрэбэнауэ макъэр гуфIэгъуэ маршкIэ ягъэлъапIэрт.

Кайсаровым зэрыжиIэжымкIэ, адыгэлъыр щысхьиншэу зыгъэжа пащтыхь къуэшым зауэр зэриухам и щIыхькIэ къызэIуихат хасэшхуэ. «Зэ епльыгъуэкIэ, псори бэлыхьу къызэрагъэпэщауэ гуфIэгъуэт, уепльыжьпамэ - ар зауэр зэриухам темыухауэ, шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ зэрыкIуэдыжьым и хьэдагъэт».

«Уафэгъуагъуэ макъым» къыщыгъэльэгъуащ цIыху куэд ажалым зэрызэщIикъуэр. Ауэ гур зыгъэзэуэр, цIыху щхьэхуэ мыхъу, лъэпкъ псом и кIуэдыжькIар ди нэгу къыззэрыщIигъэхьэрщ.

...АДЫГЭХЭР я хэкум ираху. Ижьижьыж лъандэрэ Кавказым щыпсэуа лъэпкъым хуагъэуващ Тыркум Іэпхъуэну, е хухаха щыпIэхэм гуп цIыкIуурэ зэкIэщIэкIауэ хэщIапIэ щащIыну. Абы къикIырат: лъэпкъыр мэкIуэд, ауэ язныкъуэ адыгэхэр яхъужмэнущ зыкIи зыхуэмеиж, зыми имыщIысыж хьэпшып гуэру, музейхэм щагъэльагъуэм хуэдэу.

Адыгэхэм арат я натIэ хъунур, кьагъэжьIэщIамэ. Аращ ахэр щIемыдэIуар «Фагъэльагъу щIыпIэхэм фыIэпхъуэ, ар фымыдэрэ - Тыркум фикIыж», - жиIэу урыс пащтыхьым ищIа унафэм. Тыркум икIыжкIи я сэбэн хэльтэкъым, абы щыгъуэт лъапси лъахи ямыIэжу псори щафIэкIуэдыр. Ар адыгэхэм фIы дыдэу къагурыIуэрт, ар къыгурыIуэрт «урыс пащтыхьитIинэмэ».

Гъэр ящIа аслъэн шырым хуэдэу хъарым зраубыдэж е Тыркум Іэпхъуэну щалъхъэкIэ залъэхъэж нэхърэ фIыуэ яльагъу я лъахэм зыщагъэлIэжыныр шапсыгъхэм нэхъ къащтащ. АдэкIи адыгэхэм я къекIуэкIыкIам къеГъэльагъуэ ахэр зищIысу щытар, лIыгъэшхуэ зэрэхъэльар. «ЛIэнми лIыгъэ хэльщ» щIыжаIэжар езыхэрами ярейуэ, я псэр щатми мыкIуэдыжьыр щIыхькIэ я пщIэр яIэтыфащ. Хэкум хуаIэ фIыльлъагъныгъэм и нурыр къащхьэщытащ. Мырат абы теухуауэ а зэманым Маркс Карл итхар: «Адыгэхэм аргуэру урысдзэр хагъэщIащ... Дунейм тет лъэпкъхэ! Абыхэм щапхъэ ятефк, мис апхуэдиз хузэфIокI щхьэхуитныныгъэм нэсу щIэбэн лъэпкъым!»

Хэкум и щхьэхуитныныгъэр ихъумэжу, лIыгъэ хэльу зи псэр зыта цIыхум и пщIэр инщ. Мыбдежьм зы лIыхъужькъым хахуэу къыщIэкIар - лъэпкъ псом и псэр итащ, зэи зыми и щхьэр зэрыхуимыгъэщхьынур игъэнаIуэу, зыщалъхуа щIынальэр нэгъуэщIкIэ зэримыхъуэжынур игъэлъагъуэу. Ар кьыззэрыхьуа щIыкIэр тхыльым мыпхуэдэу ди нэгу щIекIэкI: «Мэз лъапэм пIэ яуфэбгъууэ хьэдэ гурыщэу зэхальт адыгэ фащэ зыщыгъ цIыхухъуэхэр, цIыхубзхэр. Ахэр щылт зырызу, тIурытIу, нэхъ зэпэгъунэгъуи зэпэIэщIи яхэту, хэт гууэщIу, хэт хьэмбыIуу, хэти джабэм телъу. Хэти и Іэ-и лъэр зэкIэщIэдзауэ, хэти зызэфIигъэщхъуэу... Апхуэдиз хьэдэ сэ си гъащIэм сльэгъуэтэкъым».

Дыгъэм я гупэр хуэгъэзауэ, къэмыхашэу, уардэу дунейм ёохыж адыгэхэр. А теплъэгъуэм уегъэмэхьашэ икIи апхуэдэ гушхуэныгъэ зыхэлъа лъэпкъ щхьэхуитым и щхьэм кьрикIуар гущIыхьэ къыщIохьу.

Лохвицкэм ди нэгу щIелъэкI пщыIыпIэм нэхърэ ажалыр нэхъ къэзыщтахэм я гъащIэр зэрат щIыкIэр: абыхэм кIий-гуо, гъы-бжэ я къахэкIакъым - къыхэщтыкI яхэмыту, зэрахьащ я лIыхъужьыгъэр. Зэман бзаджэм и нэлатым къыхуэмыгъэша лъэпкъым гъащIэшхуэ, гъащIэ насыпыфIэ хуэфащэт.

Адыгэхэм я гуауэри я гуапэри уэрэдкIэ яIуатэу щытащ. Я уэрэдхэр гухэхъуэт, пшынальэхэр удэзыхьэхт. Адыгэ хабзэм и гугъу пщIымэ - захуагъэм и пэ иригъэщ щыIакъым. Зауэм щыIуткIи, бырыс хэм, а хабзэр зыщагъэгъупщэу; нанэм емызэгъ ящIэрэзыкъым.

Тхылым зы щапхъэ къехь. Зэгуэрым гарнизон Іэтащхьэ Присыпкиным и фызыр фочышэхэр къызэрельэлъэхьм хуэдэу, быдапIэм дэкIат. Ар къызэралъагъуэ щIыпIэр къэзыуэхьуреихьа адыгэхэр, зэIэтри, ежьэжащ. Гарнизоным и Іэтащхьэми хъыбар къраГъэщIащ: «Дэ фызхэм дезауэркъым», - жаIэри.

Бгырыс куэди, пащтыхьыдзэм щыщу куэди зыхьа Урыс-Кавказ зауэр и кIэм нэблагъэрт. Урыс-хэр здынэмысауэ зы куэдж закъуэт хъэнэжар. Абы ахэр пэльэщыртэкъым, къуршхэм къызэрахъумэм къыхэкIыу, ауэ яри яубыдыным къэнэжа щыIэтэкъым - къызэраувыхьрэ мазэ бжыгъэ хъуат. Адыгэхэм хасэ зэхуащIэри, абы унафэ къыщащтэ, я псэр пытыху я лъахэр яхъужмэжыну. Хасэм хэтахэр зэбгрыкIыжьырт, къуажэ Іэтащхьэм зы мэкъумэшыщIэ къыбгрэдыхьэу къыщыжриIам: «Псори тэмэм хъужмэ, сэ сыщIэлъэIунущ псей мэзым адэIуэкIэ къыщылъ сэнтхыр звэну икIи згъэпщэну - абдежым мыЗырысей щыхэссэнущ. Сэ хамэ щIыпIэ щагъэкI мыЗырысэ лIэужьыгъуэ гуэр къэзгъуэтащи, щхьэ хуэдизу инщ, фоумэ дахи къыкIэрех, ауэ икIи щабзщ цIыхубзым хуэдэу. Сэ а хэхэсыр ди мыЗырысейм дэзгъэжIэнщи, цIыхухъум ещхьу Іэбыдэ-лъабыдэу, щIыIэми хуэмыгъэгъэзавэу зыкъиужьынщ».

Абы жиIам къыхощ адыгэ мэкъумэщышщIэр фIым зэрыщIэхэупсыр, мамыр гъащIэр зэригъэлъапIэр, нэмысмрэ хабзэмрэ Іыгъыным щIэшхуэ зэрыхуищIыр. «Хабзэ-мыщIэ емыкIухьщ», - жеIэ абы. МэкъумэщышщIэм хьэхъыу и фIэщ мэхъу дэтхэнэ лъэпкъри лъэпкъ щыщIыр, ар зыгъэIумахуэр хабзэрауэ. И Іуэху епльыкIэри пэжщ: зи хабзэр зымыIыгъыж лъэпкъыр хэжкIуэдэжу хуожьэ. Аращ дэтхэнэ бийри лъэпкъ хабзэхэр гъэкIуэдыжьным щIыхуэзерыщIр. «Уафэгъуагъуэ макъым» хэльщ а гупсысэр.

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлыкІуэр. ПэщІэдзэр №№23-25, 27, 29-31-хэм итщ).

Зыр зым дыщыхуеплъэкІкІэ, ди пІъэгъуэхэр зззэмызэ зэтехуэрт. Сыту пІэрэ Мыхьмуд-Іэзэ сэр щхьэкІэ зэгупсысыр? Сэ сыхуейт абы фІыуэ сыкъилъагъуну икІи зэпымыууэ къысщэхьащыжыну. Ауэ сызэгупсысыр си кІэ щхьщІиджыкІын къысфІэщІыртри, си нэпІъэгъуэр есхьэкІырт.

Иныкъуэхэм деж Мыхьмуд-Іэзэ: «Еплъыт, кхъухьлъатэ!» - жиІэртри, уафэгъм иту тщхьэпрылъэт кхъухьлъатэм гу лъызигъатэрт. ЕшилькІей дежи зыкъыщІэтэрэ абыхэм дакъикъэ зыбжанэм и кІуэцкІэ лъагагъышхуэ къащтэрт, итІанэ зыкъагъаэзэрти, я уэгу гъуэгум теувэрт. Іэзэмызэ Алий къаджэрт: «Іэт!» - жиІэурэ. Хьэлъэ зэраІэт Іэмэпсымэм и пхъэрыгъажэр кІыргъыурэ дэ щІыщІыум къыдэтхьейрт зи чэзу кьыр дзакІэ къутахуэхэр. Пэгуныр хьэсауэ щилъагъукІэ, Мыхьмуд-Іэзэ пхъуэртри пэгуныкъур кІыибыдырт, абы Іэмал имыІэу Алий жриІэнт къутахуэ инэмкІи ємыІуэсэну, хьэлъэр кІримылъхъэ щІыкІэ пэгуныкъум и быдагъым еплъыну.

ЩІы Іыхьэр зейр иужьрейуэ къыщыкІуам, Мыхьмуд-Іэзэ абы жриІащ лэжьыгъэр щІигъэпсынщІэну Іэмал зэримыІэр - кІыр дзакІэм хуэмурэ фІэкІа зыкъитын «идэртэкъым», ауэ псыкъуитІми кІыкІутэну и мурадткъым. ЗэрызэгурыІуам тету, Мыхьмуд-Іэзэ зы метр иритыжхэу, абы хуэзэ гугъуехьыпщІэр Хьайри-бей кьиритырт. КъищынэмыщІауэ, дэ абы дыкъигъэгугъат гуфІапщІэхьэкІэ, псыр къызэрыдгъэзэтуи дигъэфІэжьну жиІэрт. Илъэс мин бжыгъэ хьуауэ псыкъуитІ къезыгъэтІхэмрэ къэзыгтІхэмрэ яку дэлъ хабзэр арат. ПсыкъуитІыр набдзэгубдзапльэу щытын хуейт, мащэр къыщитІыну щІыпІэр къыщыхихкІэ. Абы абдеж псы къыщимыгъэтмэ, и гугъуехьыр пщІэнщэ хьунут, зы кэуфрыш* нэфи кьрамыту. Ауэ щІы Іыхьэр зейм къыхиха щІыпІэм деж къыщитІарэ псыр къимыгъэтыфамэ, псыкъуиитІым и лэжьапщІэр кьрамытыжыныр Іэмалынышт.

- УэущыхуейщІыпІэм дежкъыщытІтІмэ, метр къэс техуэ зэхэт кьыдэпТынущ, - жиІэрт псыкъуиитІ Іэзэхэм, щІы Іыхьэр зейм щагурыІуэкІэ, псы къамыгъэт хьужькъуэмэ, апхуэдэ щІыпІэу кІэ я гугъуехьыр пщІэнщэ зэрымыхъуным хуэсакъыу. Псы къамыгъэтурэ мащэр кууулуэ щыхъукІэ, ящынкъуэхэми метрым техуэ уасэр драгъэуейрт. Ауэ псыр къэгъуэтыным лъэныкъуитІми я фейдэ хэлъти, зэгурыІуауэ унафэр къащтэрт...

Пщыхьэщхьэм, щІы Іыхьэр зейр пщыІэм текІыжа нэужь, Мыхьмуд-Іэзэрэ сэрэ кьаІэм дежащ. Зыгуэрурэ сыІэщІэкІри, махуэ зыщыплІ итакІэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и дэлъхум сыщыхуэзэ щІыпІэмкІэ зрезгъэхьэкІащ. Ар къыздыщІэкІыжу слъэгъуа «Куртулуш» шхапІэм и щхьэгъубжэшхуэм сыдэпльыну сыхэтащ, арщхьэкІэ щхьэгъубжэІупхъуэ хъарым зыри хэслъагъуэкІыртэкъыми, сэ сытегушхущ бжэр Іусхыу сыщІэплъэну - шхапІэ пэшышхуэм цІыхур щымащІэт, ауэ сэ сцІыхуэм ящыщу зыри яхэслъагъуакъым...

Къыкіэлъыкіуэ махуэм къыдэтхьеяр щІы щабэт, ауэ абыи дыщыгуфІыкІыну, ди лэжьэкІэр щІэдгъэхуэбжьэну дыхунэсакъым - аргуэру мывэ къатым дыІуущ.

«Румелия» шхапІэм дыщІэст, тІури дынэщхьейуэ, зэжетІэ щІагъуэ щымыІэу. ЗыІэзыбжьэу сэ зыкъэсІэтри сыздэкІуэр жьымыІэу сыкъыщІэкІащ, утым сыкъыкІуэри уна щхьэгъубжэкъэм сеплъащ. ИтІанэ сэ мурад сщІащ «ШхапІэхэм я уэрамым» сыпльэну. «Куртулуш» кафем и бжэлупхъуэхэр зэІусхыу шхапІэ пэшым сыщыщІэплъам, сэ къэслъагъуащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр, и дэлъхурри, и анэри, иджыри цІыху зытхухи Іэнэшхуэм зэрыбгъэдэсыр. Сэ сыпІейтеящ, сщІэри къызгурымыІуэжу шхапІэм сыщІыхьащ. Фадэр куэду зытет Іэнэм бгъэдэсхэр нэщхьыбжІэу мэуэрщэр, сэ гу къыслъамытхэхэу. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр тутын йофэ.

Іэнэзехьэхэм ящыщ зым сыкъилъагъури къызэупщІащ:

- Зыгуэрым улъыхъуэу ара?

Іэнэм бгъэдэсхэм зыкъагъэзауэ иджы сыкъызэпаплъыхь. Ар сэ солъагъу си бгъымкІэ блыным къыфІэпІуджьащхуэм и фІыгъэкІэ. Зы ІапІэзыпІэкІэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ сэрэ ди кІэпльэгъуэхэр зэтехуащ. Абы и нэгум зихъуэжащ, япэу щыслъэгъуэм иІа плъэкІэм хуэдэу гумащІэу икІи щабэу къысІуплъащ.

- Пщыхьэщхьэм сыхьэтих нэужьым ди щхапІэр сэлэтхэм папщІэ зэхуэщІащ, - жиІащ Іэнэзехьэм.

- Сэ сысэлэткъым.

- Зи ныбжьыр илъэс пщыкІуиф иримыкъуаХэри къыщІэдгъэхьэркъым. Мыбдеж уи нэІуасэ щІэсмэ, хьарзынэщ, щІэмысмэ, уи жагъуэ умыщІ...

- И гугъу умыщІ абы, - жиІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм.

Зы тэлайкІэ псори щІым хъуащ. Ар сэ къызэплъырт фІыуэ яцІыху гуэрым зэреплъым хуэдэу. Сэри абы фІылъагъунэкІэ сеплъат, ауэ абы и напІэр иридзыхащ...

Іэнэзехьэм жэуап езмыту сыкъыщІэкІыжри, «Румелия» къэхъуэ ефапІэм къыщыІэгъэна Мыхьмуд-Іэзэ деж къэзгъэзэжащ.

- Дэнэ уздащыІар? - кІыззэупщІащ Мыхьмуд-Іэзэ. - Сыту уз пщыхьэщхьэ къэс сыкъэбгъанэуэрэ зыщІэбгъэкІуэдыр?

- Си гъэсакІэ, нобэ дызыІууа къыр дзакІэм хуабжьу сыкъиІэгъэзыхащ, - жысІащ сэ. - Ар кІэ зимыІэ гуэрмэ, сэт щІэжьнур?

- Уи гъэсакІуэм жиІэр уи фІэщ щІы, къызэдаІуэ, дзыхь къысхуэщІ, уигуи къабзэу щыгъат. Сэ къыщызгъуэтынущ абдеж псы.

12.

Къыкіэлъыкіуэ махуищми дэ къыр дзакІэр и кІэм тхунэгъэсакъым, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмэ кьалэм сыщыхуэзакъым. Сэ зэпымыууэ си нэгу щІэтт абы и Іупэ пІащэхэмрэ и пльэкІэ гуапэмрэ. Ар лъагэт, зэкІэжт икІи гуакІуэт...

Махуэм и кІуэцкІэ Мыхьмуд-Іэзэрэ Алийрэ тІэу-щэ зыззэрахъуэжурэ мащэм ехащ, абы и фІыгъэкІэ Іуэхуэр нэхъ кІуэтащ, псыкъуий мащэм и лъащэм илъ мывэхэм хэщащ, къыр дзакІэри хуэм-хуэмурэ къэтІэсхъащ. Ауэ, итІани, лэжьыгъэ кІыхьлІыхьы фІэкІа кІуатэрэтэкъым, хуабэми ди къарур щІихырт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым сэ театр щэтырым нэс сыкІуэри, билет къэзыщІэхунухэм я чэзум сыхуэзат. АрщхьэкІэ кассэ папщІэу щыт Іэнэм бгъэдэс Ілым пхъашэу: «Мыбы уэр папщІэ зыри ягъэлъагъуэркъым!» - кІыхьжІэри билет къызищэн идакъым. ЯтеощІыкІэ сэ си гугъат абы телъхьэпІэ ищІыр си ныбжьрауэ, ауэ сэ сщІэрт апхуэдэ кьалэ щІыкІуэм щыпсэу ныбжьыщІэхэм пэрыуэгъу лъэпкъ ямыІэу дэни зэрыщІыхьэфри, гуемыІу Іэджи зэрызрагъэлъагъури. КъищынэмыщІауэ, сэ илъэс 17 срикъуат, куэдым зэрыжаІэмкІи, нэхъыжьыфэ стетт. Хэт ищІэрэ, щІыхьэпІэм деж щысса лІым апхуэдэ театрхэм щагъэлъагъуэр фІэмыкъэнэншэ хъуагъэнщ кьалэм къыщыІхъуа, щІэнигъэ зиІэ бей сыщыІэкІри папщІэ. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ абы и дэлъхумрэ сыткІэ я Іэзху хэлъу пІэрэ мы театрым щагъэлъагъуэ гушыІэ фІейжэм?

Кьалэм дыкъыщикІыжьым, лъащІэнэщ уафэм иц вагъуэхэм сеплъурэ, сэ сегупсысащ зэгуэр тхакІуэ сызэрыхъунум. Мыхьмуд-Іэзэ къыспэлъэу щыст, и телевизорыжь щІыкІум еплъ хуэдэу зищІми. А пщыхьэщхьэм ар нэмыщІ-Іэмыщ1у къыззэупщІащ шэтырым щІэт театрым сыщыІаро сыщымыІаро, сэ сымыкІуауэ жысІащ. Мыхьмуд-Іэзэ и плъэкІэмкІэ гурыІуэгъэт и фІэщ сызэрымыкъуат. ПыгуфІыкІ хуэдэу иришэкІа и Іупэхэми арат кьаГъэлъагъуэр...

Хьэлъэ къызэрытІэт пхъэрыгъажэр зэгъусэу щыдгъэкІэрахъуэкІи, абы и нэгум кьытехьэрт апхуэдэ ауанищІ гуфІэкІэр икІи сэ сызэгупсысыжьи щІэздзэрт сыщыкъэуэнщар дэнэ дежми къэзгубзыгъэжьну, псыкъуиитІым и губгъэн къыщыхэпэжьар сыт щыгъуэми къэсщІэжьну сыхэту. Сыт сэ мыхъуну сщІар? ПІхъэрыгъажэм и къур щІэзгъэкІэрахъуэм исхэр щІэзгъэзэхауэ ара? Е хьэлъэ зэрылъ пэгуным и чэзум сыхуэмысакъауэ пІэрэ?..

Зэманыр кІуэрт, псыкъуий лъащІэм псыІагъэ щытпльагъуртэкъым. Мыхьмуд-Іэзэ и нэгум ауанищІ пыгуфІыкІыкІэр имыкІыжьхэ хъуащ. Сэ абы сризгэуэныри, псыкъуиитІым сыхуэдэпащхэрт. Мыхьмуд-Іэзэ къысхуищІ гулъытэм хуэдиз си адэм игъащІэм къысхуимыщІами, сэ зыхэзмыщІам щыщт абы зэи сызэрымигъэкІар. АтІэ сытыт псыкъуиитІым апхуэдизу ищІэр, сэ абы и жьІэр тІу сымыщІын, егъэлеяуэ сыфІэІлыкІын щхьэкІэ?

Телевизорым зэреплъым хуэдэурэ Мыхьмуд-Іэзэ жиІэрт щІыр къат куэду зэрызэхэпльыр. Языныкъуэ къатхэр апхуэдизкІэ Іувщи, Іуэхум и пІалъэ зымыщІэ лэжьакІуэм кьыфІощІ ар зэи имыухыну. ЩІы къатхэр инагъкІи, ІуагъкІи, бгъуагъ-кІыхьагъкІи зэхуэдэкъым: псыежэх цІыкІум ещхьу, псыГуабзи щІыщІагъ гуэл хуэдизу бгъуфІи урохьэлІэ.

Псыр къыщыпхуядынкІэ хъунут уцымыгугъа щІыпІэм, уущІэмыплъа дыдэм деж. Псыкъуий лъащІэм псыр къэкІуэн зэрыщІидзэ щыкІэжъэм ятеуэуа хъыбар гъэщІэгъуэнхэр Мыхьмуд-Іэзэ жиІэжырт. Абы апхуэдэу фІэфІт къиІуэтэжьну Истамбул дэт пасэрей мэжджытхэм хэт псыкъуийхэр щыІэзрагъэпэщжкІэ ираджэу, ирагъэблагъэу зэрыщытар. Истамбул зы пасэрей мэжджыт дэткъым псыкъуий хэмыту.

Ехьэ-ефэнды и мэжджытым хэт псыкъуийр кузбжэ дыхьэпІэм пэгъунэгъущ, Мыхьмуд-пащэ и мэжджытым хэтыр пщІантІэкум итщ, метр 35-рэ и кууагъщ. Апхуэдэ пасэрей псыкъуийхэм ехьн ипэ, Мыхьмуд-Іэзэ пэгун пльащІэм щэху уэздыгъэ щІэгъэнаУэ иригъэувэрти, псыкъуийм иригъэжьхырт. Щэху уэздыгъэр лъащІэм нэса иужьи мыуныкІыфІмэ, абы щІыщІагъым къыщІэкІ газхэм хуэдэ иткъыми, ТхьэІ елъэІурти, мащэм ехырт.

Мыхьмуд-Іэзэ емызэшу къриб-жэкІыфІынут псыкъуийхэм къыщигъэта хьэпшыпхэм я цІэхэр. Пасэрей истамбылдэсхэм зэгуэр зэрахьэу щытауэ псыкъуий лъащІэр «КІуэдыпІэ» яхуэхъуат къамэхэми, бжэмышхэми, уэздыгъащхьэхэми, фочхэми, псыІэфІ зэрыта птулькІэхэмрэ абыхэм я щхьэтеПІэхэмри куэдкІейуэ, сабий джэгуалъэхэми, мажьэхэми, налхэми, лагъым ХутахуэхэмрэкІэрахъуэхэмри, зыщыщІыр къыпхуэмыщІэжьну хъэпшыпт хьэлэмэтыщІэхэми. Уеблэмэ дыжьын ахъши зэгуэрым къыгъуэтауэ щытат Мыхьмуд-Іэзэ. ШэЧ хэлъхъым а хьэпшыпхэм ящыщ куэдыр ягъэпщкІун щхьэкІэ псыкъуий мащэм къыззэрыщыхутар, иужькІэ ар ящыгъупщами, зыгъэпщкІуэр къыкІэлъыкІуэжьну хунэмысауэ арами, и щхьэусыгъуэр Тхьэм ищІэнщ...

Зззыдзэкіар
КЪЫП (НЫБЭЖЬ) Таисщ.
(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

*Къурыш - тырку ахъшэ жьгъей.

Бжэіумых Хьид ціыхубэм ящызымыгъэзгъупщэр сыт?

КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгуХьэныгъэм хэт, Къэрал саугъэтым и лауреат, скульптор цІэрыІуэ БжэІумых Хьид зыщыпсэуэ, Налшык къалэ Лениным и цІэр зезыхьэ и уэрамым тет унэ №29-м фэеплъ пхъэбгъу фІадзащ. Зэхэхьэр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм, республикэм и Сурэтыщ1хэм я зэгуХьэныгъэм.

- БЖЭІУМЫХ Хьид и щІэинхэм ноби щІэупщІэ яІэщ. Абы и лэжьыгъэхэм гупсысэшхэ ящІэлъщ. Сурэтыщ1ым гуауэри гуфІэгъуэри дэзыІугэшу кьыдэгъуэгурыкІуа и щхьэгъусэ Светланэ фІыщІэ хуэфащэщ, Хьид и Іэдакъэщ1экІэхэр зэрихъумам папщІэ, - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къу-**махуэ Мухьэдин** зэхьыхэр къыщыщІэуихым. - Скульптор цІэрыІуэр къытхэмытыжми, абы и цІэр тхыдэм кьыханащ къыщІэна и Іэдакъэщ1экІ купщІафІэхэм. Художник Іэпщ1ыпащ1эм и цІэр зытет фэеплъ пхъэбгъум и фІыгъэкІэ ар мы унэм зэрыщыпсэуар зымыщІэм къащІэнущ, цІыхубэм ящирЬгъэгъупщэнукъым.

КъБР-м цІыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Зумакулов Борис** къытеувыІащ Хьид Совет Союзым, Урыс псом щыцІэрыІуэ скульптору, пщІэрэ нэмысрэ зыхалъ цІыхуу зэрыщытам, абы и Іэдакъэщ1экІэхэр къызыхэкІа лъэпкъым и мызакъуэу, нэгъуэщІхэми зэрахъуэгъэзам, езым и хъэтІ зэриІэжьм.

Тэрч районым администрацэм и Іэтащхьэ **Дадэ МуІэед** жиІащ Бжэ1умыхым и лэжьыгъэхэм сыт хуэдэ утыкуи зэрыхуэфащэр, абы адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм пщІэшхуэ зэрыхуищІыр и лэжьыгъэхэм къызэрыхэщыр, республикэм исхэр дызэрыпагэ икІи дызэрыгушхуэ скульпторыр псэ зэрыпсалъэ, - гушхуэ зыкІуэцІыльэ цІыхуу, фІыуэ къалъагъуу, пщІыбжьагъу куэд иІэу зэрыщытар.

- Мы зэхьыхьэм кърихьэлІа куэдым БжэІумых Хьид фІыуэ яцІыхурт. Скульпторым и фэеплъ гъэлъэгъуэныгъэхэр республикэм и музейхэм къыщыщІэзэрагъэпэщкІи цІыхущхуэ къоКІуалІэ, и лэжьыгъэхэр Урысейми къэрал зэмылІэужьыгъуэхэми щэнхабзэ фондхэми я гъэтІылъыгъэхэм ящыщ хуэдэу. Апхуэдэхэщ Третьяковскэ галереер, Пушкиным и Іэр зезыхьэ музейр. Абы къеГъэльагъуэ БжэІумыхым и лэжьыгъэхэр цІыхухэм ягу зэрыдыхьэр, щІэупщІэзыуэ зэраІэр, - жиІащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгуХьэныгъэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий**. - Сурэтыщ1 Іэкіэльэкіуэм къыщІэна лэжьыгъэ купщІафІэхэм къадэкІуэу, ар гу къабзэрэ псэ хьэлэлу дунейм зэрытетамкІэ ПхъэрыІуэ дахэ къыгъэнащ. И лэжьэгъуу, и ныбжьэгъуу, ар фІыуэ зыцІыхуу щытахэм Хьид дигу кьинащ цІыху Іэсэу, зэпІэзэрыту, щапхъэгъэльагъуэу.

Зэхьыхьэр езыгъэкІуэкІа, узэрэджьІакІуэ, телевиденэм и лэжьакІуэ Аттаев Азнор къызэхуэсахэм ягу къигъэІэн, ар щхьэкІэ щІэныгъэ-кІыжащ сурэтыщІым и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ.

БжэІумых Хьид Тэрч райо-ным хьыхэ Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1936 гъэм фокІадэм и 3-м къыщалъхуащ. Зэрысабийрэ Іэдэ-уадэмрэ бдзымрэ зыІэщІэлъа щІалэм Дон Іус Ростов щыІэ Художественнэ училищэм кьиухыжу 50 гъэхэм къигъэззэжа нэужь, республикэм гуауэджэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэ щекІуэкІ Іэзхуэхэм жьыджру хэтащ. 1958 гъэм, абы и насып къихьри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым Шортэн Аскэрбий и пашэу кьиузэригъэпэщауэ щыта ІуэрыІуатэ-этнографиэ зэкІуэм хэтащ. СуэрытщІым кьыдалъхуа Іэщ1агъэр а экспедицэм зэрыхэтам нэхъри игъбеящ икІи абы щыгъуэ и нэгу щІекІаХэр и лэжьыгъэмкІэ къиІуэтэжащ.

СуэрэтщІым и Іэдакъэщ1экІхэм щытхъу куэд щыхужаІащ и гъэлъэгъуэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Абы и лэжьыгъэхэр 1957 гъэм къыщыщІэдзауэ щагъэлъэгъуащ щыналъэ, республикэ, урысейпсо, союзэпсо, дунейпсо высТавкхэм. БжэІумыхым и Іэдакъэщ1экІхэм яхэтщ мывэм, жыпсым (гипсым), мраморым, пхъэм кьыхэщІыкІаХэр. Апхуэдэхэщ адыгэ лІыхъжь Андемыркъан, лъэпкъ уэчыпу, ущиякІуэу щыта Къэзанокъуэ Жэбагъэ, узэщІакІуэ щІэрыІуэ Нэгумэ Шорэ, усакІуэщхуэ икІи философ ПащІэ Бэчмырзэ, тхакІуэ Аджыкъу-Джэрий (Лохвицкий Михаил) сымэ, нэгъуэщІхэми я сурэтхэр. КъищынэмыщІауэ, Іэдиимэ, Дахэнагъуэ сымэ я тепльэхэри ди нэгу кьыщІэзыгъэхьэр БжэІумыхым и Іэдакъэщ1экІхэрщ. Жыпл гъуаплъэм кьыхищІыкІа, Къзаноокъуэ Жэбагъы и фэеплъыр Зеикъуэ къуажэм щагъэуващ. Гъуаздджэр зи гъащІэ гъуазэу псэуа сурэтыщІым и ехьуІэныгъэхэм ящыщщ «Адыгэ пшынальэхэр» пхъэ скульптурэ зэхэтыр.

Республикэм и сурэтыщІуэзэджэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, и лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэмрэ ятеухуа лэжьыгъэфІхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа, пасэрей Іэпщ1ъапащ1агъэр зэрІэгъэувжьным зи гуащІэ езыхьэла БжэІумых Хьид 2008 гъэм дунейм екъыжащ.

Хьид и щхьэгъусэ Светланэрэ и къуэ Эдуардэрэ Іуэхур зи жэрдэмхэм, зэхуэсахэм сфІыщІэ хуащІащ. Зэхьыхьэр кьызэзыгъэпэщащэм абыхэм хуагъэфэщащ фэеплъ пхъэбгър кьызэІухын кьалэн гуапэр. ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм пхъэбгъум и лъабжьэм деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъащ.

Зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, Щэнхабзэмкіэ министерствэм я лІыкІуэхэр, Сурэтыщ1хэм я зэгуХьэныгъэм, Налшык къалэ администрацэм я лэжьакІуэхэр, художникым и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, и ныбжьэгъуэхэр, и лэжьыгъэхэр зигу дыхьэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Налшык

Дзэ къулыкъум щагъэгъуазэ

Налшык и центральнэ библиотекэм ирагъэблагъащ дзэм мыгувэу ираджэнухэр.Тхылъ хъумапІэм и лэжьакІуэхэм абыхэм папщІэ ягъэхьэзырат дзэ къулыкъум, хэкупсэ зэрэсэныгъэм теухуауэ къыдагъэкІа тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

ЗэІУЩІэМ хэтахэм ящыщІащ КъБР-м и Дзэ комиссариатым, Афган зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Парламентым, жылагъуэ организацэхэм я лІыкІуэхэр, библиотекэ лэжьакІуэхэр.

Ахэр тепсэлъыхьащ дзэ къулыкъур къызэпсащылъхэм я пщэ къыдэхуэ жэуаплныгъэм. Дзэ комиссариатым и къудамэм и унафэщІ Мэрэей Хьэдис, афган зауэм хэта Тхьэгъэпэдж Тимур щыта щІалэхэм я упщІэ куэдым жэуап ираташ. Класс нэхъыжьхэм щеджэжэм зрагъэщІащ ди къэралым и дзэ еджапІэ нэхъыщІэхэм ущІэтыСхьэн папщІэ щІапхъэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Зэшыпхъуитіым я «Іэщіагъэр»

Республикэ МВД-м и наркополицейскэмрэ Урысей ФСБ-м и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэмрэ яубдащ республикэм героин къызышэ гуп.

АХЭР гъунэгу къэралхэм ящыщ зым кьикІа зэшыпхъуитІрэ ди хэкуэгъу зы щІалэрэщ. Мыбы ещхь адрей къэхъукІащ1эхэм яхуэдэу, гупэр зэрыщІыхуэтэкъым, дэтхэнэми лэжьыгъэм щыщу кьыльыс Іыхьэр игъэзащІэу арат.

ЦІыхубзхэр Москва кьикІри, мафІэгукІэ пщэдджьжьым къэсащ икІи фэтэр къащтэну хунэсащ. А хэщІапІэр хабзэм тету щыщІапщІытыкІым наркополицейхэм къагъуэтащ полиэтилен зэкІуэлышыхьаеуэ плІы, дэтхэнэми героин граммит1 хуэдиз кІуэцІыльу. Нэхъыбэр зэшыпхъуитІым яэым къыщащ и кІуэцІым илъу - медицинэ лэжьакІуэхэм абы сымаджэщым къыщыкІуэцІахащ героин зэрылъ пакет 24-рэ, дэтхэнэри граммИ 2 хъуэ.

Наркополицейхэм къызэратымкІэ, абы и шыпхъу нэхъыжьми а Іэмалыр кьигъэсэбэпащ, ауэ ар къыщащтэжьну щыпІэм щигъэтІылъыну хунэсащ. Героин зыкІуэцІылъ пакет 24-р Іэщ1элъу зы сыхьэткІэ нэхъ гувауэ яубдащ илъэс 30 зи ныбжь налшыкдзсэр. Абы зэрыжиІамкІэ, наркотикэр абы къыщищтэжащ зэшыпхъуитІым щагъэпщкІуам. КъызэрыщІэкІымкІэ, наркотикым хуэзэ ахъшэр яІэригъэхьа нэужь, щагъэпщкІуар къыжраІэу арат.

Къытраха героиныр грамм 97-м щІегъу. УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228.1 статьям и 4-нэ Іыхьэм ипкъ итклэ уголовнэ Іуэху къаІэтащ, абы къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, илъэс 20-м нэскІэ яГъэтІысыжьыну апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зыльэжьауэ яубдар.

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гъуэгум шынагъуэншэу къыщакІуэхьын папщІэ

Гуапагъэм и дунейпсо махуэм ДПС-м и батальон щхьэхуэхэм я лэжьакІуэхэр псапащІэ Іуэху ялэжьу щыІащ Психоневрологие центрым. Псантхуэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ сымаджэхэм полицейхэм ерыскъы щІэщыгъуэхэр хуащащ, апхуэдэу ахэр гъуэгум шынагъуэншэу зэрыщІэзекІуэным теухуа чэнджэщхэр ираташ.

ЦЕНТРЫМ къыдэкІыу уэрамым къыдыхьэхэр автоинспекторхэм ирагъэсащ нэхур къызытещ хьэпшыпхэр яГъэхъэзырыфу икІи ядэІэпыкъуащ ахэр я щыгъэныгъэ кІэралъхьэныгъэ.

Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэхэм кьызэралытэмкІэ, апхуэдэ дерсхэр икъыкІэ щхьэпэщ псынщІэу къакІуахьну я узыншагъэм Іэмал къызримытхэр гъуэгу насыпншагъэхэм щыхъума хъунымкІэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъаджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фытхэу, фыкъеджэну икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къеклуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуей дэтхэнэ зыри 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Бжэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм и - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тиражэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редакторыр* **ЖьокІэмахъу Маринэ,** *корректорхэр* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Мариндж, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.673 ● Заказ №210